ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№7 (24.757) • 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 21, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ТекIуэныгъэр Иныр ди гъуазэу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъур щагъэлъэпIэну дауэдапщэхэр гъэхьэзырынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ, дызэрыт гъэр УФ-м и Президент Путин Владимир Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу зэригъэувам къыхэкIыу.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым КИФЩI-м щиIэ полномочнэ лIыкIуэм и аппаратым хэту КъБР-м щыIэ къэрал инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, правительствэм хэтхэр, министрхэр, хабзэхъумэ, цIыхубэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм и пэублэм къыщыхигъэщащ ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъур илъэс псом Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу хэтын зэрыхуейр, ар унафэщI IэнатIэхэм, къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм япэ ирагъэщыпхъэ къалэну зэрыщытыр.

Республикэм и Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ махуэшхуэм и мыхьэнэм хэгъэхъуэн зэрыхуейм. «ЗэрыпхъуакIуэмрэ зызыхъумэжамрэ зэхуэбгъэдэнкIэ зы Iэмал иIэкъым. Нацистхэм я дэIэпыкъуэгъуу щытахэр лIыхъужьу зыгъэувхэр фэри дэри доцIыху, ар Украинэмрэ Прибалтикэмрэщ. Апхуэдэу пщIымэ, ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я фэеплъыр бгъэпуду аращ, абыхэм я пщIэр езыудыххэм дадэIэпыкъу хуэдэу», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

Республикэм и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Гитлер и пыхъуэпышэхэм совет цIыхубэм лейуэ ирахар: «Германиемрэ абыхэм я европей дамэгъухэмрэ 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м СССР-м зэрытеуар къэралым дежкIэ гузэвэгъуэшхуэу къыщIэкIат. А зауэм хэкIуэдащ совет цIыхуу мелуан 27-рэ, абыхэм ящыщу мелуани 8,6-р Дзэ Плъыжьымрэ Хыдзэ флотымрэ щыщу. Совет Союзым нацизмэр гъэкIуэдыжыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэми зыхащIащ нацистхэм зэрахьа лейм и Iэужьхэр. ЦIыху мин 70-м щIигъу зауэм дэкIащ, мин 40-м къагъэзэжакъым (а зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я бжыгъэр зэрыхъур мин 350-рэт). Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм яIэщIэкIуэдащ ди щIыпIэм щыпсэуахэм ящыщу цIыху мини 4-м нэс».

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ Iуэхугъуи 115-рэ зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэм епха планым, КIуэкIуэ Казбек ар дяпэкIи зыгуэрхэр зыхагъэувэжын «псэ зыIут проекту» зэрыщытыр къыхигъэщащ. ИрагъэкIуэкIыну я мурад Iуэхугъуэхэр ятеухуауэ щытынущ ди къэралыр фашизмэм текIуэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я лIыхъужьхэм, нобэ Iэщэ яIыгъыу Хэкур зыхъумэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм.

Зытепсэлъыхь махуэшхуэм зэрызыхуагъэхьэзырым теухуауэ къэпсэлъахэщ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ министр **Тогузаев ТIэхьир**, узыншагъэр хъумэнымкIэ министр **Къалэбатэ Рустам**, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр **Езауэ Анзор**, Налшык къалэ администрацэм и унафэщI **Ахъуэхъу Таймураз** сымэ. Къапэщылъ лэжьыгъэм зэреплъхэр къагъэлъэгъуащ жылагъуэ Iуэхухэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ министр **Лу Азэмэт**, Архив къулыкъущIапIэм и унафэщI **Щоджэн Щыхьым**, щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр къэралым ихъумэнымкIэ и управленэм и унафэщI **Гонтарь Олег** сымэ.

КъызэгъэпэщакIуэ комитетым къыщащта унафэ нэхъыщхьэщ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы фызабэу къигъэнахэмрэ нықъуэдыкъуагъэ хэзыхахэмрэ илъэс къэс ират ахъшэр хуэдитIкIэ зэрагъэбэгъуэнур, ар сом мин 200-м зэрынагъэсынур. ХуэдитIкIэ хагъэхъуэнущ тылым и лэжьакIуэу щытахэм ират мылъкуми, ЕтIуанэ дунейпсо зауэм къриубыдэу я ныбжьыщIэгъуэм концлагерхэмрэ фашист хьэпсхэмрэ исахэми.

Гулъытэ нэхъыщхьэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ яхуэунэтIауэ къэнэнущ. Къыхалъхьа жэрдэмхэм язщ тыншу медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр хуащIэфын хуэдэу, цIыху щхьэхуэм хухэха «узыншагъэмкIэ карточкэхэр» ягъэхьэзырынур.

ЩIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджыным хуэунэтIа Iуэхугъуэхэри къаIэтынущ. Дзэ Плъыжьым иригъэкIуэкIа зауэзэрылIхэр къызытещ фэеплъ блын илъэсым къриубыдэу ящIынущ, щIыналъэ зыбжанэ зыхиубыдэ «ЛIыхъужь щIэблэ» зэхуэсышхуэр ирагъэкIуэкIынущ, «Зарница» губгъуэ джэгур зэхашэнущ, «ЗауэлI» дзэ-спорт центрыр къызэIуахынущ. Сыт щыгъуи хуэдэу, Хэку зауэшхуэм епха фэеплъхэр ящIынущ. КIуэкIуэ Казбек къалэн щхьэхуэ ящищIащ республикэм апхуэдэ фэеплъу ит псори зыхуей хуагъэзэну.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Iэпэдэгъэлэл дымыщIу, набдзэгубдзаплъэу дыкIэлъыплъу дгъэзэщIэн хуей лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ. Iуэху жыгъей хэткъым мыбы. ТекIуэныгъэм и илъэсым къалэн къытщещI ди къарум демыблэжу дылэжьэну, ар илъэс 80 зэрырикъум ирихьэлIэу ехъулIэныгъэщIэхэм дыхуэкIуэну».

И гулъытэр зыхыдощIэ

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий, зэкъуэш щIыналъэхэм я унафэщIхэмрэ абы щыпсэу цIыхухэмрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ехъуэхъуащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 зэрырикъумкIэ.

«КАВКАЗ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 ирокъу.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу а махуэмкIэ сохъуэхъу Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий, щIыналъэхэм я унафэщI си лэжьэгъухэм, абы щыпсэу цIыху псоми.

Округыр къызэрызэрагъэпэщам абы хыхьэ хэгъэгухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, апхуэдэ щIыкIэкIэ федеральнэ центрым щIыналъэхэм яхуищI гулъытэр нэхъ зыхащIащ.

Ар зэрыщыIэ илъэсхэм Полномочнэ лIыкIуэм и аппаратым ехъулIэныгъэ иIэу къызэрегъэпэщ щIыналъэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьыным, цIыхухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ социальнэ Iуэхухэр зэфIэхыным хуэунэтIауэ ди Президентым игъэува къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ хэгъэгухэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэр зэгъэуIуныр, дэIэпыкъуэгъу мэхъу щIыналъэ, къэрал программэхэр, инвестицэ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ, шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ, шэчыншэуи, дзэ Iуэху хэхам хэт ди лIыхъужьхэмрэ я унагъуэхэмрэ дэIыгъынымкIэ.

Абы иригъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм и фIыгъэкIэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэ и экономикэм зезыгъэужьын, и лъабжьэр зыгъэбыдэн проектышхуэу 5 щагъэзащIэ. Дэ икъукIэ дахуэарэзыщ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм и аппаратым и лэжьакIуэхэм, сытым дежи дэIэпыкъуэгъу къызэрытхуэхъум, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа Iуэхухэм гулъытэ зэрыхуащIым папщIэ.

Шэч къытесхьэркъым: ди зэдэлэжьэныгъэм и фIыгъэкIэ, ди къару зэхэлъкIэ тхузэфIэкIынущ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэу къытпэщылъ къалэнхэр ехъулIэныгъэкIэ дгъэзэщIэну.

Псоми сохъуэхъу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм, Урысейм и зэIузэпэщыгъэм, ефIэкIуэныгъэм хуэщхьэпэн Iуэхухэм хуэунэтIауэ къапэщылъ къалэнхэр гъэзэщIэным ехъулIэныгъэ щаIэну», - щыжеIэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу тхыгъэм.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр илъэс 15 ирокъу

УФ-м и Президентым и УнафэкIэ 2010 гъэм щIышылэм и 19-м къэралым къыщызэрагъэпэщащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр (КИФЩI). Абы хохьэ Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ щIыпIэхэм ящыщу Дагъыстан Республикэр, Ингуш Республикэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэр, Ставрополь крайр, Шэшэн Республикэр.

НэгъуэщIынэкIэ къыдэплъыын щIадзащ

ИПЩЭ федеральнэ щIыналъэм къыхэкIыу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэ щхьэхуэ илъэс 15 ипэкIэ зэращIам фIы куэд хэлъщ. Языныкъуэхэм къалъытэ Урысей Федерацэм кавказырыс лъэпкъ мащIэхэр апхуэдэ щIыкIэкIэ нэхъ IэщIыб ищIауэ, арщхьэкIэ Iуэхур зэрыщытыр ипэжыпIэкIэ нэгъуэщIущ. Къэралым и гупэр Кавказ Ищхъэрэм къыхуигъэзащ икIи щIоупщIэ: «Сыт хуэдэу щIэгъэкъуэн дыхъуну иджыри мы щIыпIэм нэхъри зиузэщIын, зыужьыныгъэ игъуэтын папщIэ?» Апхуэдэ мурад лъагэхэр яIэу къэралым и унафэщIхэм ягъэбелджылауэ аращ а хэкIыпIэр. Шэч лъэпкъи къытетхьэркъым ар цIыхубэм фIыгъуэ куэд къахуэзыхьыну лъэбакъуэу зэрыщытым.

Дэ дызрикIуэр зыужьыныгъэм и гъуэгу захуэрщ. Пэжщ, абы гугъуехьхэр щыкуэдщ. Псом япэрауэ, дэ дыхущIэкъун хуейщ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм ятеIукIа «кавказ лъэпкъым щыщ цIыху» фIэщыгъэр гъэкIуэдыным - абы цIыхубэм щIалъхьэ лексикэ мыхьэнэр зэрылъахъшэм дыщыгъуазэщ. Апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэр зэпIэзэрыт щытыкIэр щытепщэ щIыналъэу зэрыщытыр къэралпсо жылагъуэм я фIэщ тщIыжын хуейщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ЗэIузэпэщыныгъэр ягъэнэхъапэ

Мы махуэхэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ къалэр зэIузэпэщ щIыным, архитектурэр хъумэным, гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным щытепсэлъыхьа зэIущIэ.

КЪУЛЫКЪУЩIЭХЭМ и гугъу ящIащ къаIэта Iуэхум муниципалитетхэм халъхьапхъэхэмрэ щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным бгъэдыхьэкIэщIэ къахуэгъуэтыныМрэ.

КъаIэта Iуэхухэм ящыщщ гъуэгубгъухэм щаухуэхэр - гъэсыныпхъэ щрагъахъуэ, къэувыIэпIэ, хьэщIэщ, шхапIэ хуэдэхэр - зэгъэпэщауэ, цIыхум зыхуейр щигъуэту зэрыщытыпхъэр.

IэщIагъэлIхэм къыхагъэщащ ахэр щаухуэкIэ шынагъуэншагъэри уекIуэлIэным и тыншагъри къалъытэн, республикэм исхэм, и хьэщIэхэм я дежкIэ мылъапIэу, здэщыт щIыпIэми екIуу щытын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр проектыщIэхэми тепсэлъыхьащ. Абыхэм ящыщщ Налшык къалэм Тамань дивизэм и цIэр зезыхьэ и уэрамым щащIыну ТекIуэныгъэм и паркыр. Абы игъэдэхэнущ спортым ехьэлIауэ ухуэныгъэ зыбжанэ здэщыт щIыпIэр икIи цIыхухэм я зыгъэпсэхупIэ екIу хъуну хуагъэфащэ. Паркым итынущ Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ къызэрыщихьам, лIыхъужьхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм ятеухуа фэеплъхэр.

Медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ хъумэ

Иджырей технологие ехьэжьахэр къагъэсэбэпурэ фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ иратынущ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, чэзуми абы щхьэкIэ щымыту. УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Голиковэ Татьянэ ар щыжиIащ Мишустин Михаил иджыблагъэ и къуэдзэхэм ядригъэкIуэкIа зэIущIэм.

АПХУЭДЭУИ Голиковэм ягу къигъэкIыжащ 2025 гъэр УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу зэрагъэувар. Абы къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам хэтар щIэх-щIэхыурэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ хъууэ щытмэ, ауэ щIыпIэ пхыдзам, къалэхэм пэжыжьэу щыпсэумэ, ар зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэхэр телемедицинэ Iэмал жыхуаIэм хуэдэкIэ зэрыхуащIэнур.

Мыдрейуэ, гулъытэ хэха хуащIынущ СВО-м хэтахэр курорт, санаторэ путевкэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, ахэр япэ игъэщыным. Мыбдежым къэралым и щIыналъэхэм къагъэлъэгъуэн хуейщ дзэ Iуэху хэтахэм, нықъуэдыкъуагъ зиIэхэм зыщагъэхъужыфын, я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъыфын хуэдэу абыхэм хуэщIа зыгъэпсэхупIэхэу яIэхэр зыхуэдэр, ахэр абыхэм ягъэкIуэн папщIэ.

НАУРЫЗОКЪУЭ Исльам.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетым зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдзхъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мазэ 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм нифхуахьыну фыхуеймэ - сом 721-рэ кIапIейкIэ 4-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 658-рэ кIапIейкIэ 36-рэ.

Ди индексыр П5894

Ухуэныгъэхэр

Къуажэдэсхэм я псэукIэр ирагъэфIакIуэ

«Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ щауухуэнущ социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэщIэхэр.

АПХУЭДЭ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынухэм яхэтщ Бахъсэн районым щыщ Бахъсэненкэ къуажэр. Мыбы щаухуэнущ сабии 140-рэ зэуэ зыщIэхуэ сабий сад, псы къыщIэшыпIэ-зэбгрытыкIыпIэр, сабий спорт комплекс зыхэтыну, джэгукIэ зэхуэмыдэхэр щрагъэкIуэкI щIыпIэр, щIалэгъуалэм я нэгу зыщрагъэужьын, зыщагъэпсэхун зэхуэсыпIэ зэпэщыр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи къуажэм дащIыхьынущ физкультурэ-узыншагъэр щызэтрагъэувэж комплексрэ ветеринар клиникэрэ.

Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Къэщкъэтау жылэм щаухуэнущ псы къабзэр зэрыкIуэ, Къарэ-Суу, Бабугент, Къэщкъэтау къуажэхэр зэпызыщIэ псы кIуапIэщIэр. Лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIынущ 2026 гъэм и кIэхэм ирихьэлIэу.

Абыхэм нэмыщI, Тырныауз къалэм Олимп джэгухэм хэтыфынухэр, зэчий зыбгъэдэлъ сабийхэр щагъэхьэзыр и спорт еджапIэм сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творчествэм зегъэужьынымкIэ центрымрэ нэгъабэ щрагъэжьа зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм мы гъэми пащэнущ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Хъыбар гуапэ

Уасэм и ныкъуэр хукIэрагъэху

Урысейм и авиакомпаниехэм къыхалъхьа Iуэхум цIыху куэд щыгуфIыкIащ. Зи ныбжьыр илъэс 12-м щIимыгъуахэм къыхуащэху билетхэм я уасэхэм процент 50-р хукIэрагъэху абыхэм дызэрыт илъэсым щIышылэм и 10-м щегъэжьауэ. Апхуэдэу зыхудачыхынум хиубыдэнур къэрал кIуэцIым щызекIуэ кхъухьлъатэхэр къэзыгъэсэбэпхэрщ икIи бизнес-класс тIысыпIэхэр къыхэзыххэм я билет уасэхэм хукIэрагъэхунукъым, щыжиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм.

РОСАВИАЦИЕМ и унафэщI Ядров Дмитрий иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщыхигъэщащ нэгъабэ и дыгъэгъазэм и кIэхэм къыщыщIэдзауэ кхъухьлъатэхэм ирыхэкIуэн папщIэ сабий билету мин 360-м щIигъу зэращэр, я уасэхэм процент 50-р хукIэрагъэхуауэ.

Урысей Федерацэм транспортымкIэ и министр Старовойт Роман жиIащ зи ныбжьыр илъэситI иримыкъуа сабийхэм щхьэкIэ къыхалъхьэ лъэтэнумэ, билет уасэм процент 90 зэрыхукIэрагъэхур, тIысыпIэ щхьэхуэ хуэмейуэ, анэм и куэщым я исынумэ.

БЭВЫКЪУЭ Алыдж.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр илъэс 15 ирокъу

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

ЖытIэркъым ди щIыпIэм бзаджащIэ щымыIэу, ауэ абыхэм япэщIэувэфын хабзэхъумэ лэжьакIуэхэри диIэщ. Террор щIэпхъаджагъэхэм пэщIэтынымкIэ программэ щхьэхуэхэр щыубзыхуащ КИФЩI-м хыхьэ дэтхэнэ субъектми. Ар дгъэзащIэкIэрэ, цIыхубэм гъунэгъу дахуэхъун, я дзыхь нэхъри къыдагъэзу, ар дгъэпэжу дылэжьэн хуейщ. Ди къэралми хамэ щIыпIэхэми щыпсэу цIыхухэр Кавказ Ищхъэрэм нэгъуэщIынэкIэ къегъэплъыжын, япэхэм хуэдэу, ягурэ я псэрэ къахуззIуегъэхыжыпхъэщ. ИтIанэщ щIыналъэм хыхьэ субъекти 7-ми зыужьыныгъэ щагъуэтынур, цIыхухэр лэжьапIэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэща, мылъку къэзыту щыта IэнатIэхэм «псэщIэ» къахыхьэжа щыхъунур.

Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм зегъэужьыным хуэгъэпса Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр унэтIыныгъи 4-у бгуэш хъунущ.

Псом япэ игъэщыпхъэщ щIыналъэм *энергетикэм* зыщегъэужьыныр. Адрей унэтIыныгъэхэмкIэ ди Iуэху дэкIын папщIэ, СКФО-м къыщызэдгъэпэщыпхъэщ энергетикэ тарифхэм я пщалъэ хэха. ЕтIуанэрауэ, Кавказ Ищхъэрэр хуабжьу зэрыкъулей *турист-рекреацэ* щIыпIэхэр къэIэтыжын хуейщ. Абы ди цIыхухэр къулей ирихъунущ, я псэукIэр иригъэфIэкIуэнущ. КъыкIэлъыкIуэу къэдгъэлъэгъуэнщ *мэкъумэш-промышленнэ* IэнатIэм зегъэужьыныр. ЩIым телэжьыхьу, абы къытрах гъавэр промышленнэ IуэхущIапIэхэм зыхуей щыхуагъэзэу еса ди цIыхухэм Iэмал етын хуейщ Iуэху зэрахьэну, я щхьэми къэралми хуэлэжьэну. Иужьрейуэ, уеблэмэ ар нэхъыщхьэ дыдэу къыщIэкIынщ, къытщIэхъуэ щIэблэм ядедгъэкIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ ябгъэдэтлъхьэ щIэныгъэмрэ *инновацэхэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэ* шэщIауэ щытыпхъэщ. НыбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ нобэ ябгъэдэтлъхьэ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ зыкъомкIэ елъытащ ди щIыналъэм, къэралым зэрыщыту и пщэдейр зэрыхъунур. Ар гулъытэшхуэ зыхуэщIын хуей Iуэхугъуэу къыдолъытэ.

А унэтIыныгъэм къыщыгъэлъэгъуащ ахэр зэрызэхэт Iыхьэ куэд. Ахэр тэмэму зэфIэха хъумэ, итIанэ КИФЩI-м игъуэтынущ социально-экономикэ зыужьыныгъэшхуэ. ЦIыхум и унагъуэр зэригъэпсэуфын сом къызэрилэжьын Iэмал иIэмэ, псэупIэ унэкIэ гукъеуэ имыIэмэ, и къэухьым къызэщIиубыдэфым хуэдиз щIэныгъэ бгъэдэлъмэ, адэкIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэшхуэхэми зупщыт хъунущ.

ЩIыналъэ зыужьыныгъэм хуэгъэпса программэхэр гъэлэжьэн хуейщ, армыхъумэ Iуэхухэр екIуу зэхэттхыкIыу лъэныкъуэкIэ едгъэтIылъэкIын хуейуэ аракъым. ЩIыпIэхэм щекIуэкI Iуэху зехьэкIэхэр нэрылъагъуу щыгъэтыпхъэщ. Жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэща хъумэ, ди щIыналъэм и ехъулIэныгъэ къызэрыкIын инвестицэ куэд къэлэжьэнущ. Ар хьэкъщ. Мылъкур къыздэкIуэр абы щыхэбгъэхъуэфын, Iуэхум зыщебгъэIэтыфын щIыпIэрщ. Ауэ щыхъукIэ, ди щIыналъэм и зыужьыныгъэр елъытащ унафэ зыIэщIэлъ дэтхэнэ зы къэрал къулыкъущIэми цIыхубэм дзыхь къыхуищIа къалэнхэр зэригъэзащIэ щIыкIэм. АбыкIэ губгъэн къэдмыхьыным дыхущIэкъунущ, сыту жыпIэмэ абыхэм я пщэрылъхэр зэрагъэзащIэм елъытащ цIыху къызэрыгуэкIым властым хуищIыну пщIэр зыхуэдизыр.

ЩIалэгъуалэмрэ лъэпкъ Iуэхумрэ

Зым и дежкIи щэхукъым, зэман блэкIам щIалэгъуалэм гулъытэ хэха хуамыщIурэ дызэрекIуэкIам. Ар зэхъуэкIыныгъэхэм къытхуахьа Iуэху еплъыкIэ мыщхьэпэхэм ящыщт. Иджы аракъым: къэралым и унафэщIхэр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ еплъыжащ щIалэгъалэ Iуэхум. Зи щIалэгъуэхэм яIэ гупсысэкIэмрэ Iуэху зехьэкIэмрэ нобэ куэд дыдэ елъытащ. Технологие пэрытым, техникэ лъэщхэм, инновацэ Iэмалхэм я лIэщIыгъуэм щIалэгъуалэм гугъапIэ куэдыщэ идопх. Ар щыуагъэкъым, сыту жыпIэмэ дунейпсо мардэхэм хуэкIуэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэрщ псэукIэщIэ зыухуэфынур, абыхэм я зэфIэкI лъагэхэрщ ди цIэр фIыкIэ зыгъэIуфынур. Абы хуэгъэпсауэ Кавказ Ищхъэрэм щокIуэкI щIалэгъуалэ проект пэрытхэм, къэхутэныгъэ зэхуэмыдэхэм я зэпеуэхэр. МащIэкъым абыхэм жыджэру хэт щIалэгъуалэр, арщхьэкIэ, зэманым къызэригъэувымкIэ, абыхэм я бжыгъэри, я зэфIэкIри куэдкIэ нэхъ лъагэу щытыпхъэщ.

ГурыIуэгъуэщ: псори къыщежьэр унагъуэрщ: гъэсэныгъэри, Iуэху еплъыкIэри, цIыху хэтыкIэри. Зи гур пщэдейрей махуэм хуэгъэтIылъа адэ-анэрщ бын гъэсэныгъэм гулъытэ хуэзыщIыфынур. Зи лъахэр фIыуэ зымылъагъу, зи нэхъыжьхэм пщIэ яхуэзымыщI цIыхур къэралми лъэпкъми псэ хьэлэлу хуэлэжьэфынукъым. Аращ хэкупсэ гъэсэныгъэми мыхьэнэшхуэ етын щIыхуейр.

Лъэпкъыбзэу зэхэс Кавказ Ищхъэрэм игъащIэми къадогъуэгурыкIуэ цIыхугъэ нэсым, пщIэм, нэмысым ехьэлIа хабзэ дахэхэр. Дэри абыхэм дащыщщ, мы щIыпIэр псэупIэ щытхуэхъуакIэ, ди къаруи зэфIэкIи абы и зыужьыныгъэм щетхьэлIэкIэ. Ауэ щыхъукIэ, ди щIыналъэм и ехъулIэныгъэм папщIэ, ар къэралым щыпэрыт щIыпIэхэм ялъэщIыхьэн папщIэ, дэтхэнэми ди гуащIэ едвгъэхьэлIэ абы ифI къызэрыкIын Iуэхухэм. КИФЩI-м хыхьэ щIыпIэхэм зыужьыныгъэ ягъуэтмэ, я лъэр быдэу увмэ, щIыналъэми зэрыщыту зиужьыныгъэ игъуэтынущ. Ар пхуэзэфIэкIмэ, ди къэралышхуэр нэхъ лъэщ, нэхъ дахэ хъунущ. Ар дигу илъу, щIыналъэпсо ехъулIэныгъэхэм, къэралпсо текIуэныгъэхэм дэтхэнэри дахуэвгъэпабгъэ.

Бжыгъэхэм къаIуатэ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щопсэу псори зэхэту цIыху мелуани 10 251 083-рэ. Ахэр зэрызэхэс Iувагъыр къапщтэмэ, километр зэбгъузэнатIэ къэс ику иту цIыху 60,15-рэ исщ. Федеральнэ щIыналъэм и къалащхьэр Пятигорск (Псыхуабэ) къалэрщ.

Къэдгъэлъэгъуэнщ щIыналъэм хыхьэ щIыпIэхэм я шыфэлIыфэхэри:

1. Дагъыстэн Республикэ:
Псори зэхэту цIыху 3 232 224-рэ щопсэу;
Къалэдэсхэм я бжыгъэр процент 44,59-рэ мэхъу;
ЦIыхухэр зэрызэхэс Iувагъыр - км зэбгъузэнатIэ къэс цIыху 64,30-рэ;
Республикэм и къалащхьэр **Махъэчкъалэщ**.

2. Ингуш Республикэ:
Псори зэхэту цIыху 527 220-рэ щопсэу;
Къалэдэсхэм я бжыгъэр процент 53,16-рэ мэхъу;
ЦIыхухэр зэрызэхэс Iувагъыр - км зэбгъузэнатIэ къэс цIыху 168,82-рэ;
Республикэм и къалащхьэр **Магас** къалэрщ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ:
Псори зэхэту цIыху 905 464-рэ щопсэу;
Къалэдэсхэм я бжыгъэр процент 56,1-рэ мэхъу;
ЦIыхухэр зэрызэхэс Iувагъыр - км зэбгъузэнатIэ къэс цIыху 72,61-рэ;
Республикэм и къалащхьэр **Налшык** къалэрщ.

4. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ:
Псори зэхэту цIыху 468 322-рэ щопсэу;
Къалэдэсхэм я бжыгъэр процент 44,41-рэ мэхъу;
ЦIыхухэр зэрызэхэс Iувагъыр - км зэбгъузэнатIэ къэс цIыху 32,8-рэ;
Республикэм и къалащхьэр **Черкесск** къалэрщ.

5. Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэ:
Псори зэхэту цIыху 678 879-рэ щопсэу;
Къалэдэсхэм я бжыгъэр процент 63,82-рэ мэхъу;
ЦIыхухэр зэрызэхэс Iувагъыр - км зэбгъузэнатIэ къэс цIыху 85-рэ;
Республикэм и къалащхьэр **Владикавказ** къалэрщ.

6. Ставрополь край:
Псори зэхэту цIыху 2 886 108-рэ щопсэу;
Къалэдэсхэм я бжыгъэр процент 60,93-рэ мэхъу;
ЦIыхухэр зэрызэхэс Iувагъыр - км зэбгъузэнатIэ къэс цIыху 43,62-рэ;
Крайм и щыхьэрыр **Ставрополь** къалэрщ.

7. Шэшэн Республикэ:
Псори зэхэту цIыху 1 552 886-рэ щопсэу;
Къалэдэсхэм я бжыгъэр процент 37,21-рэ мэхъу;
ЦIыхухэр зэрызэхэс Iувагъыр - км зэбгъузэнатIэ къэс цIыху 96,03-рэ;
Республикэм и къалащхьэр **Грозный** къалэрщ.

ТАМБИЙ Линэ.

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу

ЛIыгъэ зезыхьахэр яцIыхун хуейщ

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

Мы гъэм Iэтауэ къэралым игъэлъэпIэнущ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур. Абы теухуауэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къызэрагъэпэщынущ, ди газетми гулъытэ яхуищIынущ ди лIыхъужьхэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и школхэми гулъытэшхуэ щыхуащI щIалэгъуалэм ди блэкIар ирагъэщIэным, Хэкум хуэпэжу икIи фIыуэ ялъагъуу къагъэхъуным. Апхуэдэ я лэжьыгъэм къытхуотпсэлъыхь Налшык къалэм и курыт еджапIэ № 5-м и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и чэнджэщэгъу **Гъут Iэсият**:

- ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм зыщыхуэдгъэхьэзыркIэ, псом япэу гулъытэ зыхуэтщIхэм ящыщщ фэеплъхэр, зэхэуэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм щыIэ ухуэныгъэхэр зэгъэпэщыжынымрэ зыхуей хуэгъэзэнымрэ. Сыт хуэдиз хэщIыныгъэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм ди щIыналъэм къыхуахьат 1942 гъэм шыщхьэуIум и 12-м щегъэжьауэ 1943 гъэм щIышылэм и 11 пщIондэ! Ди курыт школыр илъэсипщI и пэ хэтауэ щытащ «Хэку зауэшхуэм и фэеплъхэр - уахъутыншэщ» Iуэхум. АбыкIэ я мурадар республикэм ит фэеплъхэмрэ Хэку зауэшхуэм ехьэлIа ухуэныгъэхэмрэ ятеухуа тхыгъэ зэхуэхьэсынырт. 2015 гъэм ар зэфIэдгъэкIри, а Iуэхум кърикIуахэр щызэхуэхьэсыжа тхылъи къыдэдгъэкIыжат. Абы итщ республикэм и щIыналъэ 60-м щIигъум щыIэ фэеплъ 87-м ятеухуа тхыгъэ.

ЩIэблэр хэкупсэу, щыпсэу къэралым ирипагэу, тхыдэм пщIэ хуащIу къэгъэхъуным тедгъащIэри, 2024 гъэм и щэкIуэгъуэм зи гугъу сщIа «Хэку зауэшхуэм и фэеплъхэр - уахъутыншэщ» Iуэхум щIэрыщIэу делэжьыжыну унафэ тщIащ. АдэкIи ди гугъэщ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа зауэм теухуауэ ди еджакIуэхэм ящIэм хэдгъэгъэхъуэну, я къэухьым зедгъэужьыну.

Къалэн зыхуэдгъэувыжхэм я гугъу пщIымэ, псом япэу ныбжьыщIэхэм фэеплъхэм я мыхьэнэр зэрыиныр къагурыдгъэIуэн, дэфтэрхэм елэжьыфу, хъыбархэр, псом хуэмыдэу Интернетым къащыIэрыхьэхэр, зэхагъэкIыфу егъэсэн хуейщ. ЕджакIуэхэр жыджэру къэхутэныгъэхэм къыхохьэ, Хэку зауэшхуэм теухуа фэеплъ мывэхэм я сурэтхэмрэ тхыгъэхэмрэ езыхэм къагъуэтыж.

Ди мурадхэр къыдэхъулIэн папщIэ, лэжьыгъэр Iыхьэ зыбжанэу зэпыдудащ. Иджыпсту лэжьакIуэ гуп къызэдгъэпэщащ, ди курыт школым и унафэщI Емуз Светланэ и пашэу. Абы хэдгъэхьащ Iуэхур зэщIэзыгъэуIуэну егъэджакIуэхэр. КъищынэмыщIауэ, ди лэжьыгъэм жыджэру хэтщ ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэри. ДэIэпыкъуэгъу къытхуохъу Тхыдэ, щэнхабзэ фэеплъхэр хъумэнымкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр, Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэр, КъБР-м и Лъэпкъ музейр, нэгъуэщIхэри.

«Сферум» платформэр къэдгъэсэбэпри, ди школым 8 - 11-нэ классхэм щIэсхэр къэтпщытащ я тхыдэр зэращIэр дгъэунэхуну. Псалъэм папщIэ, еджакIуэхэм етта упщIэхэм яхэтт мы къыкIэлъыкIуэр: «ЩIыхьым и мафIэ мыужьых» фэеплъыр сыт хуэдэ гъэм щагъэува Къэбэрдей-Балъкъэрым? Абы жэуап езытам и процент 80-м къалъытащ 1949 гъэрауэ. 115-нэ кавказ шуудзэм хэтахэм я фэеплъым къыщыгъэлъэгъуар къыхагъэщын хуейуэ упщIэ къыщыувым, процент 90-м жаIащ сэшхуэр зыIэта шум ар зэрейр. Хэку зауэшхуэм теухуауэ сыт хуэдиз фэеплъ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэу фыщыгъуазэ щыжытIэм, еджакIуэхэм я процент 47-м къагъэлъэгъуащ фэеплъ 15-м щIигъу зэрацIыхур. КъызэрытхутамкIэ, еджакIуэхэм нэхъыбэу ящIэр фэеплъ нэхъ инхэмрэ цIэрыIуэхэмрэщ, абы щыгъуэми республикэми нэхъ цIыкIууи нэхъ инуи щэ бжыгъэ щыIэщ. Ар къэтлъытэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и район 13-р ныбжьыщIэхэм ятедгуашэри, къалэн ящытщIащ сыт хуэдэ къуажэхэм сыт хуэдэ фэеплъхэр дэтми зрагъэщIэну. НыбжьыщIэхэм езыхэм я къарукIэ къызэрахутамкIэ, Бахъсэн районым фэеплъи 9 къыщагъуэтащ, Дзэлыкъуэ районым - 11, Лэскэн щIыналъэм - 4, Майм - 8, Прохладнэм - 9, Тэрчым - 6, Аруаным - 8, Шэджэмым - 7, Шэрэджым - 4, Iуащхьэмахуэм - 5.

«Сферумым» и фIыгъэкIэ, нэгъуэщI зы щIэупщIэныгъи едгъэкIуэкIащ ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэр лъэпкъкIэ зыщыщымрэ я къуэпсхэр къыщежьэр ящIэрэ-ямыщIэрэ къэтщIэну. Зыщыщ лъэпкъыр дэтхэнэми, дауи, ищIэрт, ауэ я адэшхуэ-анэшхуэхэм я деж Iуэхур щынэсым, нэхъ гугъу ехьащ.

Ди лэжьыгъэм и иужьрей Iыхьэм къэхутэныгъэ едгъэкIуэкIхэр къыщызэщIэткъуэжынущ, утыку къитхьэжынущ. Абы мы гъэм накъыгъэ пщIондэ делэжьынущ, икIи ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-м ирихьэлIэу зэхэдгъэувэжыну альбомыр, гуэдзэн иIэу, дгъэхьэзырынущ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт республикэм и адрей школхэми дазэрыдэлажьэр. Псалъэм папщIэ, Лашынкъей, Хьэтуей, Малкэ къуажэхэм, нэгъуэщIхэми я лIыхъужьхэм я фэеплъхэм я сурэтхэр къытхуагъэхь. Дауи, абдеж къыщынэркъым ди дерсхэр. Ди ныбжьыщIэхэр мы Iуэхум яфIэфIу къыхохьэ, пэжыр жысIэнщи, «баштекъузэ» щыIэкъым.

Гу зылъытапхъэ: телеграм-каналым «ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 ирокъу» напэкIуэцIыр къыщызэIуахащ. Абдеж цIыхухэм зыщыщагъэгъуэзэфынущ ТекIуэныгъэр лъэбакъуэ-лъэбакъуэурэ ди зауэлIхэм къызэрахьам, абы зи гуащIэ хэзылъхьа цIыхубэм, лIыхъужьхэмрэ зэхэуэ нэхъ гуащIэхэмрэ ятеухуа хъыбархэм, зэуапIэм къратхыкIыу щыта письмохэм, махуэшхуэм иращIэкIыну Iуэхугъуэхэр зыхуэдэм, нэгъуэщI куэдми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

И нэIэ тетщ

Налшык къалэм и прокуратурэм щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым зэрызыкъыхуигъэзам къыхэкIыу къипщытащ республикэм унэхэр щызыухуэхэм я зым фэтэр куэд хъу унэм Iыхьэ кIэ хэтым теухуа хабзэр зэригъэзащIэр.

КЪЫЗЭРЫЩIАГЪЭЩАМКIЭ, Налшык къалэм Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет, фэтэр куэду зэхэт унэр 2023 гъэм и щэкIуэгъуэм ятащ. АрщхьэкIэ, абы IыхьэкIэ хыхьам илъэсым щIигъуауэ фэтэрыр къызэрыратам теухуа тхылъым Iэ щIадзакъым, аращи, ар езым зэрейр иригъэтхыну Iэмал иIэкъым.

Къалэм и прокуратурэм ухуэныгъэ IэнатIэм и унафэщIым тхыгъэ хуигъэхьащ ныкъусаныгъэр игъэзэкIуэжын хуейуэ. Iуэхур зэрызэфIэкIынум и нэIэ тетщ.

Зыхуей хуагъэзэжащ

Бахъсэн къалэм и прокуратурэм зэрызыкъыхуагъэзам къыхэкIыу къипщытащ Гагариным и уэрамым тет, фэтэр куэду зэхэт унэр зи нэIэ щIэт IуэхущIапIэм ар зыхуей хуэзэнымкIэ и къалэнхэр зэригъэзащIэр.

IУЭХУР щрагъэкIуэкIым къыщIагъэщащ унащхьэр зэрымытэмэмым къыхэкIыу псы къызэрыпхыжыр. КъинэмыщIауэ, абы и щIыунэм кIэрыхубжьэрыхухэр щыкуэдт.

Къалэм и прокуратурэм IуэхущIапIэм и унафэщIым хуигъэувар ягъэзащIэри, унащхьэр зэрагъэпэщыжащ, пхъэнкIийри дашащ.

Зыгъэхьэзырар
БАХЪСЭН Ланэщ.

● УФСБ-м къет

ЩIэпхъаджагъэр къызэпауд

НаркотикхэкIхэм пэщIэт къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ хамэ къэрал щыщ цIыхуищым, республикэм и щIыналъэм наркотикхэкIхэр къишэныр къызэгъэпэщыным пыщIахэм, зэрахьэ щIэпхъаджагъэр.

ИРАГЪЭКIЫНУ зыхэта «героин», «мефедрон», «метадон» наркотикхэкIыу грамм 236-м щIигъу къытрахащ.

Уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228.1-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым, 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «а», «б» пунктхэм япкъ иткIэ.

Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэс 20-м нэскIэ ягъэтIыс.

ЩIэщыгъуэт икIи удэзыхьэхт

Иужьрей илъэс зыбжанэм сэ сыхущIэкъуащ «Акулы пера» фIэщыгъэр иIэу журналист ныбжьыщIэхэм папщIэ къызэрагъэпэщауэ щыта еджапIэм сыщIэтIысхьэну. Илъэсих ипэкIэ сэ сызыщIэса дерситIым си гъащIэм мыхьэнэшхуэ щагъэзэщIауэ къызолъытэ. Абы къыхэкIыуи, КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэмрэ «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэмрэ и дэIэпыкъуэгъуу КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм «Журналист щIалэгъуалэм я еджапIэ» проектыр зэрыригъэкIуэкIыным хуабжьу сыщыгуфIыкIащ. ИкIи мызыгъуэгум си къару псори есхьэлIащ ар къызэрызухыным, иджы срогушхуэ абы и япэ гъэсэнхэм ящыщ сызэрыхъуам.

ЕДЖАПIЭР зэрылэжьа мазиплIым дэ къэтщIащ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр, журналистикэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм зыщыдгъэгъуэзащ, апхуэдэу нейросетым творческэ Iуэхум зэрызригъэужьынкIэ хъуну Iэмалхэми дыхэплъащ. ЖыпIэнурамэ, дерсхэр икъукIэ щIэщыгъуэу, удихьэхыу екIуэкIащ.

Журналист щIалэгъуалэм я егъэджакIуэхэу «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Жыласэ Заурбэч, Конаков Хьэсэн, Суановэ Залинэ сымэ я къару псори ирахьэлIащ IэщIагъэм теухуауэ щIэныгъэ нэхъыбэ къызэрыдбгъэдалъхьэным. Апхуэдэу дерс гъэщIэгъуэнхэр ирагъэкIуэкIащ щIыпIэ телерадиокомпанием, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм я лэжьакIуэхэм, журналистикэм и ветеранхэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри хущIэкъуащ зыпэрыт Iуэхум теухуауэ нэхъыбэ зэрыдагъэщIэным, IэнатIэм ухэзэгъэнымкIэ чэнджэщ щхьэпэхэмкIи къыддэгуэшащ. Журналист Iэзэ е нэгъуэщI унэтIыныгъэ гуэрымкIэ IэщIагъэлI нэс ухъун папщIэ, сытым дежи уи зэфIэкIым, щIэныгъэм зэрыхэбгъэхъуным ухущIэкъун хуейщ. Нэхъыщхьэращи, ди пэщIэдзэм и лъабжьэ быдэр дэ мы еджапIэм щыдгъэтIылъащ. ЩIэныгъэр зэи лей хъунукъым, еджапIэм сэ къыщысщIахэр сызыпэрыт Iуэху зыбжанэм щхьэпэ къызэрыщысхуэхъунум шэч къытесхьэркъым.

Журналист ныбжьыщIэхэм я еджапIэм зэхуишэсахэр ныбжькIи зэхуэдэтэкъым - абыхэм яхэтт школакIуэхэри, студентхэри, IэщIагъэ щхьэхуэхэм пэрытхэри. Апхуэдэу щытми, дэ дяку зэныбжьэгъугъэ гуапэ къыдэхъуащ, сыщогугъ къэкIуэнуми абы къыпытщэну, дызэрымыгъэкIуэду дызэрыIыгъыну.

Псом хуэмыдэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт Жыласэ Заурбэч, Конаков Хьэсэн, Суановэ Залинэ сымэ Iуэхум дытрагъэгушхуэу, нэхъыбэ къызэрыдагъэщIэным хуэпабгъэу къызэрыдбгъэдэтам папщIэ. Журналист ныбжьыщIэхэм я еджапIэр къызэрызухам и щыхьэт тхылъым сыщеплъкIэ гуфIэ нэпсхэр къысфIокIуэ, сэ езым апхуэдэу щIызыхэсщIэр къызгурыIуэжыркъым, ауэ гушхуэныгъэ къысхэзылъхьа Iуэхуу ар си гъащIэм хэтащ. Си щхьэр къызэрызгъэгугъэжар згъэзэщIащ - илъэс куэдкIэ сыщеджэну сызыщIэхъуэпса еджапIэр къэзухащ, абы и зы дерси дэзмыгъэхуу. Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм фи фIыгъэкIэ журналистикэм и зэхэлъыкIэм нэхъ куууэ сыхэгъуэзащ, сэ а IэщIагъэм илъэс зыбжанэ хъуауэ сыхэтми, лэжьыгъэм епха IуэхугъуэщIэ куэд а еджапIэм къыщысщIащ. Псалъэм папщIэ, си гупсысэр нэхъ гъэхуауэ къэсIуэтэфу, къэхъукъащIэхэм нэхъ псынщIэу сыпэджэжу сыхъуащ.

Апхуэдэу мы тхыгъэм фIыщIэ хуэсщIу и цIэр къыщыхэзгъэщыну сыхуейт журналистикэм лъагъуэхэш щысхуэхъуа, «Советская молодежь» газетым илъэс куэдкIэ и редактор нэхъыщхьэу щыта Къардэн Мухьэмэд. Аращ япэу си тхыгъэхэр тезыдзар. Мухьэмэд илъэс зыбжанэ хъуауэ къытхэмытыжми, абы и чэнджэщхэмрэ и псалъэ гуапэхэмрэ къытхуэнащ. Лэжьыгъэм ар гъуазэ щысхуэхъуащ, тхэным сызэрытегушхуэн фIэщхъуныгъэ къысхилъхьащ. Абы къысхуигъэбла вагъуэм гукIи псэкIи сызыхуэпэж си журналист гъуэгуанэр къысхуегъэнэху, ехъулIэныгъэщIэхэм сытригъэгушхуэу.

ДЖЭДУГУЭШ Оксанэ.

Гъэ блэкIам къэрикIуар

● Экономикэ

2024 гъэм къриубыдэу, республикэм и цIыхухэм газ зэрырикIуэ бжьамийхэм зыпащIэнымкIэ «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м лъэIу тхылъу 3752-рэ Iэрагъэхьащ. Абыхэм ящыщу 3681-м а IуэхущIапIэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ, лъапсэ 3383-м газыр иришэлIащ. КъинэмыщIауэ, лъапсэ 1901-м газыр я лъапсэм хурашэлIащ, унэм езыхэм щIашэжын хуейуэ. «Социальная газификация» Iэмалыр къагъэсэбэпу, КъБР-м ПромышленностымкIэ, энергетикэмрэ сату IуэхухэмкIэ и министерствэм, республикэм и бюджетым къыхэкIыу, сом мин 815,2-рэ тригъэкIуэдащ зыдэIэпыкъупхъэу къалъытахэм.

ФЕДЕРАЛЬНЭ проектым тету, электро-транспорт лIэужьыгъуэщIэр къагъэсэбэпыфын хуэдэу, республикэм и щIыналъэхэм щIыпIэщIыпIэкIэрэ электро-заряднэ станцу 22-рэ щагъэуващ. А Iуэхум хуэгъэзауэ республикэм и бюджетым къыхаха сом мелуан 38-р, къанэ щымыIэу, зэхьэлIапхъэм трагъэкIуэдащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэм и IэнатIэхэр шынагъуэншэу щыгъэтыным теухуауэ щекIуэкI кIэлъыплъыныгъэхэм щыпащэ. А Iуэхум хузэщIагъэуIуа комиссэхэм, псори зэхэту 32-м, я лэжьыгъэм хэтщ КъБР-м ПромышленностымкIэ, энергетикэмрэ сату IуэхухэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэри.

2024 гъэм энергетикэм пыщIа Iуэхухэм ехьэлIауэ цIыху щхьэхуэхэми зи гугъу тщIы министерствэм зыхуагъэзащ. Абыхэм ящыщу 200-м арэзы къэзыщI жэуапхэр къаIэрыхьэжащ.

Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм деж щаухуэ «Шэрэдж ГЭС» электростанцым ехьэлIа Iуэхухэр и кIэм нагъэблэгъащ. Бетон лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIащ, агрегатхэр щагъэуващ, киловольти 110-рэ къэзыт трансформаторыр здэщытыпхъэм деж щызэпкъралъхьащ, Iэмэпсымэ псори къызыхуэтыншэу зэрырагъэжьэным хуагъэхьэзыр, Iэгъуэблагъэр ягъэдахэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

Мамырыгъэм и телъхьэу

Германием хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Бербок Анналенэ жиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир Урысеймрэ Украинэмрэ я зэныкъуэкъур къигъэувыIэн хуейуэ.

«ПСОРИ дызыщIэхъуэпс махуэр къэсмэ, зэпэщIэува дзэхэр зэпикIуэтыжмэ, дэ шэсыпIэ дихьэн хуейщ абы иужькIэ Европэм зэи зауэ къызэрыщымыхъунумкIэ», - жиIащ министрым.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Германиер Европэм и къэрал нэхъ ин дыдэщ, абы къыхэкIыуи, мамырыгъэ щыIэнымкIэ жэуап ихьыпхъэщ. Министрым къелъытэ Украинэм щекIуэкI дзэ зэпэщIэтыныгъэхэр къызэтегъэувыIэныр мамырыгъэм хуэзышэ япэ лъэбакъуэу икIи жеIэ шынагъуэншагъэр Украинэм и мызакъуэуи, Молдавиеми Прибалтикэми къыщызэгъэпэщыпхъэу.

«Европэм хыхьэ адрей къэралхэри мамырыгъэм хущIокъу, абы къыхэкIыуи дызэгъусэу а Iуэхум дытелэжьэн хуейщ. Зауэр къызэтегъэувыIэныр япэ лъэбакъуэщ», - жиIащ ФРГ-м хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министрым.

Анэ мылъкум хэхъуэнущ

2025 гъэм мазаем и 1-м щегъэжьауэ Урысейм процента 7,3-кIэ щыхэхъуэнущ япэ сабийр зыгъуэтхэм ират анэ мылъкум. Иджы ар хъунущ сом 676 398-рэ. УФ-м и Президент Путин Владимир апхуэдэ унафэм нэгъабэ и щэкIуэгъуэ мазэм Iэ щIидзауэ щытащ.

МЫ ИЛЪЭСЫМ сабий етIуанэ къызэрыхъуа унагъуэм, анэ мылъкуу иратынущ сом 893 835-рэ, ар ипэкIэ къыIамыхамэ. НэхъапэкIэ ахъшэр зыIэрыхьахэм етIуанэ сабийм папщIэ дэщIыгъужыныгъэу иратынущ сом мин 217,4-рэ.

Апхуэдэу мазаем хэхъуэнущ сабий къалъхуам папщIэ зэуэ ят мылъкум - ар сом мин 26,4-м нэсынущ. КъищынэмыщIауэ, лэжьапIэ IэнатIэ Iут цIыхубзхэм я сабийр илъэсрэ ныкъуэм нэсыхукIэ мазэ къэс ират ахъшэр сом мини 9-м къыщыщIэдзауэ сом мин 68,9-рэ хъунущ.

ЩIышылэм и 21, *гъубж*

♦ IэплIэ зэхуэщIыным и дунейпсо махуэщ

♦ УФ-м и инженер дзэхэм я махуэщ

♦ **1918 гъэм** Адыгейм Совет властыр щагъэуващ.

♦ **1985 гъэм** Франджым и ЛIыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан дунейм ехыжащ.

♦ **1926 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр**.

♦ **1946 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мэлбахъуэ Борис**.

♦ **1952 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **БищIо Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 7, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 22, *бэрэжьей*

♦ **УФ-м и ПВО-м и кхъухьлъатэдзэхэм я махуэщ**

♦ **Нартыху гъэпIэнкIам и махуэщ**

♦ **1517 гъэм** мысыр шэрджэс мамлюкхэмрэ тыркудзэмрэ Каир пэмыжыжьэу зэзэуэн щыщIадзащ.

♦ **1943 гъэм** Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и щIыналъэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦ **1937 гъэм** къалъхуащ КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщIу щыта, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **УнащIэ Розэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи напщIэ темылъ тумылъхьэ.

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ТАБЫЩ Муратщ

ЛIымрэ лIыщIэмрэ

(Хъыбар)

ЗЭЩИЩ псэурти, бжэн зыщыплI фIэкIа дэттэкъым я пщIантIэ. НэгъуэщI мылъку зыри ябгъэдэлътэкъым. «Ар хъункъым, дежьэнщи, дылIыщIэнщ, зыгуэр зэдгъэпэщынщ», - жаIащ зэшищым. Я нэхъыжьыр япэ ежьащ, зы бжэн иришажьэри. ЗыгъэлIыщIэн лъыхъуэурэ, зылI ирихьэлIащ: лIыр мавэри вапIэм итщ.

- Дэнэ укIуэрэ? - къеупщIащ лIыр.

- СызыгъэлIыщIэн солъыхъуэ, - жиIащ щIалэм.

- Сэ узгъэлIыщIэнщ, - къыжриIащ лIым. - ВакIуэ дыкъихьэжыху укъысхуэлIыщIэмэ, зы жэмыщIэ уэстынщ.

- Хъунщ, - жиIэри еувэлIащ, выщхьэм шэсри къевэкIыурэ шэджагъуэ хъуащ.

- КIуэ, - жиIащ лIым, - выр псафэ ху, апщIондэху сэ уи бжэныр сукIынщи, згъэвэнщ.

ЩIалэм витIыр псафэ ихуащ. Ар къэсыжыху, лIым бжэныр иукIщ, игъавэщ, ишхри зигъэукIуриижащ.

- Си Iыхьэр-щэ? - жиIащ щIалэм, къэсыжри.

- КъэзыкIухь Iыхьэншэщ, - жиIащ лIым. - Выр псы ебгъэфамэ, щIэщIэжи, выщхьэм шэс.

- Сымышхауэ сышэсынукъым: си щхьэр унэзэнущ, - жиIащ щIалэм.

- Уэ лIыщIэ ухъунукъым! - щIалэр кърихужьэжащ лIым, и бжэныр фIишхри.

ЩIалэр и унэ екIуэлIэжащ.

- Бжэныр дэнэ пхьа? - къеупщIащ и къуэшитIыр.

- Хьэм сфIашхащ, - бжэныр зышхар ибзыщIащ шынэхъыжьым.

Курытыр ежьащ итIанэ. Абыи зы бжэн здришэжьащ. Курытым и бжэнри фIишхащ лIым, фIишхри езыр кърихужьэжащ.

Я шынэхъыщIэри ежьащ, зы бжэн и бжьэ кIапсэ ирищIэри. ВапIэ нэсауэ, лIым ирихьэлIащ.

- Дэнэ укIуэрэ? - къеупщIащ лIыр.

- СызыгъэлIыщIэн солъыхъуэ,- жиIащ щIалэм.

- Сэ узгъэлIыщIэнщ. ВакIуэ дыкъихьэжыху усхуэлIыщIэмэ, зы жэмыщIэ уэстынщ.

- Хъунщ, - жиIэри еувэлIащ, выщхьэм шэсри къевэкIыурэ шэджагъуэ хъуащ.

- Выр щIэтIыкIи, псафэ ху, - жиIащ лIым, пхъэIэщэкIыр иутIыпщри. - Укъэсыжыху, сэ бжэныр сукIынщи, згъэвэнщ.

Бжэныр жыгым епхауэ кIэрытти, лIым сэр дидзэху, щIалэм кIапсэр зэпигъэлъэтри, бжэн мэжэлIар лъеящ.

ЩIалэм выр псафэ ихуащ, псым зэприхущ, деич цIынэкIэ яхэуэурэ губгъуэм ириутIыщхьащ. ЩIалэр къэсыжыху, лIыр бжэным и ужь итащ, къыхуэмыубыдурэ. ЛIым пщIэнтIэпсыр къыпыхуауэ къэсыжащ щIалэр, выр къихужакъым.

- Выр дэнэ пхьа? - и нэр къиихуащ лIым.

- ЦIыври сIэщIэкIащ, - жиIащ щIалэм. - Бжэныр бгъэвакъэ?

Выр псафэ зэрыпху лъандэрэ бжэным и ужь ситщи, зыкъызигъэубыдыркъым, - пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIащ лIым.

- Выри цIывамэ, бжэнри лъеямэ, иджы тщIэнур сыт? - жиIащ щIалэм.

- Бжэным зигъэнщIмэ, къекIуэлIэжынщ, си витIыр къехулIэж, - жиIащ лIым.

- КъесхулIэжынт: сащIыхьэнукъым. Вы цIывам ущIыхьэн?

- Теурэзыр къыпхукIуэ уэ, - жиIащ лIым. - Шыр бом щIэтщи, шэси, вым якIэлъыпхъэр.

Шэсри, щIалэр псым зэпрыкIащ, витIыр хъуным хэтти, ихури я Iуэм ириубыдащ.

- ВитIымрэ шымрэ дэнэ къипха? - къеупщIащ и къуэшхэр.

- Бжэныр зэвгъэшхам къызитащ, - жиIащ я шынэхъыщIэм. - ЛIыщIапщIэщ.

- Бжэныр пфIишха уэри?

- СфIишхакъым. Къысхуишэжынущ, - жиIащ шынэхъыщIэм. - Фэ унэм фис, сэ пщIантIэм сыдэтынщ. Бжэныр къишэжрэ лIыр къакIуэмэ, щыхьэт фысщIынущи, сыкъывэджа нэужь, фыкъыщIэкI, - жиIэри щIалэм и шынэхъыжьитIыр игъэIущащ...

«Си лIыщIэм выр къихужмэ, щIэсщIэжынщ», - жиIэри лIыр щIалэм зыкъомрэ пэплъащ, къыщимыхужым къызэребзэджэкIар къищIащ. ХъункIэ зигъэнщIати, бжэныр къекIуэлIэжащ, бжэным и бжьэм кIапсэ ирищIэри къежьащ: «Бжэным и ужь ситурэ сыкIуэмэ, къэзгъуэтынкъэ», - жиIэри. Бжэныр, кIуэм-лъэурэ, зейм деж екIуэлIэжащ, лIыми кIапсэ кIапэр иутIыпщакъым, щIалэм и куэбжэм екIуэлIэху.

ЛIыр щыджэм, щIалэр куэбжэм къыдэкIащ:

- Еблагъэ. Сыт ухуейт? - жиIэри.

- Бжэныр къыпхуэсшэжащ, - жиIащ лIым. - Си вымрэ си шымрэ къызэтыж.

- Дэнэ щыIэ, къысхуэпшэжамэ?

- Мыракъэ уи бжэныр? - жери бжэным и бжьэм ищIа кIапсэр къишиящ лIым.

- Мыр бжэнкъым. Мыр джэдущ, - жиIащ щIалэм. - Сэ джэду ныпхуэсша?

- Дауэ зэрымыбжэныр? Нэпша дыдэращ.

- Уи нэр зэкIуэкIащ, джэдур бжэн къыщыпфIэщIкIэ. Си унэ хьэщIэ исщи, хьэщIэр щыхьэт сщIынщ мыр зэрыджэдумкIэ. - И шынэхъыжьитIым еджащ щIалэр.

- Уа, си хьэщIэ!

ЩIалэм и шынэхъыжьитIыр унэм къикIащ.

- Мы джэдур щхьэ пщIэурэ? - жиIащ щIалэм и шынэхъыжьым, бжэным лы Iыхьэ хуидзри. - Гъуэгу утета хъунщ, джэдур щыбгъэмэжэлIакIэ. КIапси щхьэ ипщIа? КIапсэр зэрылъэдэнщи, зитхьэлэжынщ джэдум...

Я къуэш курытри къадежьуащ:

- Джэдущ жыпIэми, лей епх хъурэ: и гуэныхьым уигъэкIуэнкъым. - Бжэным пIастэ бзыгъэ хуидзри къыщIигъужащ. - КIапсэ зэрылъ джэду си щыпэлъагъущ..

ЛIыр и щхьэ щIэтIэхъуащ:

- Джэдууэ пIэрэ-тIэ?

- Зэрыджэдур умылъагъумэ, уи нэр зэкIуэкIащи, Iэзэ къодгъэплъынщ, - жиIащ я шынэхъыщIэм. - Джэду ширищ диIэщи, уэдгъэлъагъумэ, вырэ шыуэ къыпфIэщIынкIэ мэхъу уэ. - ВитIыр Iуэм ириубыдати, кър←игъэлъэгъуащ. - Выуэ къыпфIэщIрэ? Зэрыджэдур плъагъуркъэ?

- Солъагъу, - жиIащ лIым, укIытэри.

Шыри кърigъэлъэгъуащ, бом щIишэри:

- Мыри шыуэ къыпфIэщIынкIэ мэхъу уэ. Зэрыджэдур плъагъуркъэ? Дзыгъуащэ къежьащ...

- Солъагъу...

- ЛIыр зэшищым я пщIантIэм къыдэкIыжащ: «Мы угъурсызхэм си напэр трахынущ», - жиIэри. ВитIри шыри зэшищым къахуигъэнащ, бжэнри ялъридзэжри, кIэбгъу зищIыжащ.

Джэшыдз

(Таурыхъ)

ЗЫ ЛIЫЖЬ цIыкIу ежьащ: «Зыгуэр къэзгъэхьэрычэтынщ», - жиIэри. ПкIауэт и цIэри, пкIэм-лъэурэ, зы Iуащхьэ нэсащ лIыжь цIыкIур. «ТIэкIу сыбзэуэнщ, гъуэмылэми сыхэIэбэнщ», - жиIэри Iуащхьэм тетIысхьащ. Плъэмэ - шу гуп мэзым къыхэкIри, IуащхьэмкIэ къаунэтIащ. «Ягу илъыр сыткIэ пщIэн?» - жиIэри лIыжь цIыкIум и гъуэмылэр зэщIикъуэжащ, Iуащхьэм къехыжри пабжьэм зыхидзащ. Шу гупыр Iуащхьэм къэсри епсыхащ, гъуэгу тета хъунти, уанэр трахри, шыр хъуным хаутIыщхьащ, езыхэр зэхэтIысхьэжри ефащ, ешхащ, щIакIуэ яубгъури гъуэлъащ. Хъуным хаутIыпщхьа шыр гъудэбадзэм къыщыхагъэзыхьым, мэзым хыхьэри, зы бгъуэнщIагъ щIэуващ. ЛIыжь цIыкIум илъэгъуащ шыхэр бгъуэнщIагъым зэрыщIэувар.

«Мы гупыр къызэщыужыху, саIэщIэкIынщ», - жиIэри, лIыжь цIыкIур и гъуэгу техьэжащ.

Гупыр къызэщыужащ, къажыхьащ-нажыхьащ - шыр ягъуэтыжакъым. «Дыжейурэ шыр едгъэхуащ», - жаIэри, гупыр ежьэжащ, уанэр я плIэм иралъхьэри. ЛIыжь цIыкIум лъэщIыхьащ.

- Шыр бзэхащи, уэри щIыри догъэзри, дгъуэтыжыркъым. Уанэр ди плIэм итлъхьэри дыкъежьэжащ, - жаIащ гупым.

- Джэш фхуэздзынщ - сэ сыджэшыдзщ, - жиIащ лIыжь цIыкIум.

- Зыш уэттынт, къытхуэбгъуэтыжмэ, - гуфIащ гупыр.

ГъуэгунапщIэ удзым хэтIысхьэри, лIыжь цIыкIум джэш идзащ.

- Шыр бгъуэнщIагъым щIэтщ - аращ джэшым къикIыр, - жиIащ лIыжь цIыкIум, джэшыр зэщIикъуэжри.

КIэлъагъазэри, шыхэр бгъуэнщIагъым къыщIахужащ.

- Уанэ махуэр тезылъхьэн, уджэшыдзыр пэжи! - жаIащ гупым. - Зыш удот. Ди жылэ дыкъэблэгъэжащ, ди пщым деж утшэнщ, узэрыджэшыдзыр ищIэмэ, нэхъыбэж къуитынущ.

ЛIыжь цIыкIур пщым деж яшащ:

- Мыр джэшыдзщ, Iэзэщ, имыщIэ щыIэкъым, - жаIэри.

- АтIэ, - жиIащ пщым, - си пхъум и дыщэ Iэлъыныр кIуэдащи, дунейм тхутехыркъым, къытхуэбгъуэтыжмэ, узгъэфIэнщ.

Сыт ищIэжынт лIыжь цIыкIум - утыкум къинащ: зэрымыджэшыдзыр езым ищIэжыртэкъэ! «Сыджэшыдзщ жысIэмэ, си гугъу къащIынкъым», - жиIэри шу гупым пцIы яхуиупсауэ арат.

Утыкум къыщинэм, лIыжь цIыкIум Iэмал игъуэтыжакъым:

- Дыщэ Iэлъыным и кIуэдыкIэ хъуар къэсщIэн щхьэкIэ, хьэщIэщым жэщищ-махуищкIэ сисын хуейщ, бжэ-щхьэгъубжэр къегъэбыдэкIауэ. Бжэр ныIувмых, цIыхуи ныщIэвмыгъэхьэ, жэщищ-махуищ дэкIыху.

«АпщIондэху зыгуэр хъунщ: е махъшэ лIэнщ, е махъшахъуэ лIэнщ», - жиIэри арат лIыжь цIыкIум зытрищIыхьар.

ЛIыжь цIыкIур хьэщIэщым итIысхьащ, бжэ-щхьэгъубжэри кърагъэбыдэкIащ. Гузэвэгъуэм хэтурэ, жэщитI-махуитI игъэкIуащ. Ещанэ жэщым, жэщыбг хъуауэ, бжэм зыгуэр къытеуIуащ.

- Хэт ар? - къэскIащ лIыжь цIыкIур.

- Тхьэм и нэфI зыщыхуэн, бжэр Iух, - жиIащ бжэм къытеуIуам.

- Жэщищ-махуищ дэкIыху, мыбы къыщIыхьэIа зэрымыхъунур пщIэркъэ?

- Сумыгъэунэхъу, бжэр Iух.

Бжэр Iуихри къыщIигъэхьащ. Фыз цIыкIущ, Iэлъэщ1кIэ щIэуфауэ.

- Сэ пщым срикъазыхъуэщ, - жиIащ фыз цIыкIум. - Дыщэ Iэлъыныр сэращ зыIэщIэкIуэдар.

- Аращ си джэшми къикIыр, - жиIащ лIыжь цIыкIум, игу къызэрыгъуэтыжри. - Дауэ зэрыхъуар?

- Къаз хъушэм зы къазыхъу щIакъуэ хэтщ, абы и хулъэм илъщ дыщэ Iэлъыныр, езгъэшхауэ. КIэщуэщ хъужмэ, къазыр сукIынурэ Iэлъыныр къаз хулъэм къисхыжынут. ГущIэгъу къысхуэщI, сумыIуатэ, - жиIащ фыз цIыкIум.

- Хъунщ, гущIэгъу пхуэсщIынщ, - жиIэри фыз цIыкIур щIигъэкIыжащ.

Нэху щыри, пщым деж ихьащ лIыжь цIыкIур.

- Къаз хъушэм зы къазыхъу щIакъуэ хэтщ. Къазыхъу щIакъуэм и хулъэм илъщ уи пхъум и дыщэ Iэлъыныр, - жиIащ лIыжь цIыкIум. - ЩыIэрыхьар Тхьэм ищIэнщ, дяпэкIэ иремыбэлэрыгъ.

Къазыхъу щIакъуэр яукIри, и хулъэм дыщэ Iэлъыныр къырахыжащ.

- УзэрыIэзэр си фIэщ хъуащ, - жиIащ пщым, лIыжь цIыкIум зыгу из гъавэ къритащ.

«Сыкъамыумыс щIыкIэ сежьэжынщ», - жиIэри лIыжь цIыкIум зигъэхьэзырыжауэ, пщым хьэщIэ къыхуепсыхащ.

Пщым и хьэщIэм лIыжь цIыкIум и хъыбар жриIащ:

- Нэхъ Iэзэ срихьэлIакъым си гъащIэм!

- Мыдэ сэ къысхуэфшэ, - жиIащ хьэщIэм. - Сэ къэсщIэнщ Iэзэрэ мыIэзэрэ.

ЛIыжь цIыкIур пщым и хьэщIэм деж яшащ.

- УIэзэр пэжщ, си Iэгум илъыр къапщIэмэ, - жиIащ пщым и хьэщIэм, IэштIым ищIри. - КъапщIэмэ, шы-уанэ зэтелъ узот. КъыумыщIэмэ, уи щхьэр пезгъэупщIынщ.

ЛIыжь цIыкIум и фэр пыкIащ, и гур икIри, и цIэр щыгъупщэж пэтащ. Нэхъ зыкъыщищIэжым, и цIэр игу къэкIыжащ:

- Ей, ПкIауэ, ПкIауэ! Зэ упкIэри, уаIэщIэкIщ. ТIэу упкIэри, уаIэщIэкIщ. Ещанэм Iэгум укъинакъэ!

- Зи унагъуэр бэгъуэн, сыпхьакIэ тхьэ соIуэ! - къыщылъэтащ пщым и хьэщIэр: и Iэгум ириубыдар пкIауэт.

Зы шым къэшэсщ, зы шыр гум къыкIэрищIэри, лIыжь цIыкIур гъуэгу техьэжащ.

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ

Бгыщхьэ лъащIэ сэтейм

Кавказым и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ адыгэ лъагъуэжьхэм ирикIуэн зи щIасэхэр Мейкъуапэ ипщэкIэ щыIэ бгыщхьэ къуажэ Гъуазэрыплъ дыкъыIукIыжа иужь, Щхьэгуащэ псыхъуэ дыкъыдэкIри, къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ къыщежьэ Хьэкхъуафэпс иригъэщIа къуэ бгъунжым дыдыхьащ.

ПСЫ къуэпсхэр къыщежьэ Iэхэлъахэм а махуэм дынэсын ди гугъами, хьэпшып куэд зэрытIыгъам къыхэкIыу, ар къыдэхъулIакъым. Апхуэдэу щыхъум, зи курыкупсэм псы цIыкIу щежэх къуэладжэ фэншэу гъуэгущIхэм ныкъуэиупщIыкIыу къагъэнам нэху дыкъыщекIащ.

КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым лъагъуэм дытехьэжащ. Быркъуэшыркъуэ защIэу дэгъэзеигъуэ задэр иухри, щIыр сэтей хъужащ. ТIэкIу дызэрекIуэтэкIыу, ухуэныгъэ гуэрхэр къэтлъэгъуащ. Ахэр сэ зэуэ къэсцIыхужащ: мы щIыпIэм япэу дыщыщыIам дызыIущIауэ щыта зыгъэпсэхупIэ унэ_ хэрат. Ауэ, дэ, мыдрей гупым хэтхэр, абыхэм я щIыбагъкIэт иджы дыкъызэрекIуэкIар. ЖыпIэнур арамэ, хуей зыкъызыкъуэзыхым мы лъэхъэнэм ди къихутэкIэ хъуари, апхуэдизу гугъу дехьу дыкъызэрыхуэкIуари сэ езым згъэщIэгъуэжат.

АдэкIэ здэдгъазэ хъуну иIэр сэмэгумкIэт. Ар сэ занщIэу къызгурыIуащ. АрщхьэкIэ, ижьлъэныкъуэмкIэ гъунэгъубзэу зыкъыщызыкъуэзыха теплъэгъуэр апхуэдизу телъыджащэти, си гъусэхэм селъэIуащ абдежым зы тэлай гуэркIэ зыщыдагъэIэжьэну. ФIэщщIыгъуейт, ауэ дэ дыщхьэщытт ищхъэрэкIэ зэуэзэпсэу къыщыунэхуа мэзылъэ тIуащIэ кууужьым и къуащхьэ дыдэм. Абы и джабэ нэкIу езыгъэзыххэр, апхуэдизу задэти, тIуащIэ кууужьу зи лъащIэр умылъагъум «дэкIуадэрт».

АрщхьэкIэ, дызрихьэлIа къуэладжэм дапхуэдизу димытхьэкъуами, адэкIэ къытпэщылъыр тщIэжырти, абдежым куэдрэ зыщытIэжьакъым. Унэ цIыкIу зытIущым хуэшэмэджыпэу дазэрыпекIуэкIыу, зэуэ къэтлъэгъуащ дыгъуасэрей махуэм дыкъызыхуеIа хуей дахэкIейри абы и курыкупсэм зизыгъэзэгъа хыжьей телъыджэри.

ЩIыпIэ жэнэту нэр зытеплъызэ

ЖыпIэнурамэ, зэ Iуплъэгъуэк Iэ гъэщIэгъуэныщэ тщыхъуа щIыпIэ зэлъыIухам зэуэзэпсэу дыкъихутащ.

Фэхур узыщIэзышэщ: гъунэгъуу узыхуеплъых жыгылъэ джабэ уэххэм къинэмыщIа, мыбдежым зы напIэдэхьеигъуэу уи нэгу къыщыщIоувэ щIэплъыпIэмкIэ къыщыIэгъуа бгыщхьэ хъупIэхэм я нэзри, абыхэм я сэмэгурабгъу щIыбагъкIэ, щхъуантIагъэ-удзыфэм «ириIарэ» хьэуа зэщIэплъам зэщIигъэпсыпсэжу, къыкъуэщ мэзылъэ бгыжьхэри абы адкIэжкIэ щыIэ уэсылъэ аранэхэри.

Хуейм уздитым хуиту уолъагъу мы лъагапIэм укъэзышэс гъуэгу нэхъыщхьэр къызэщIэзыIэтэ къуэбэкъу кIейм и щIэдзапIэри, мэз Iувыжь дурэшхэм къахэкIыфIыкI къуэладжэхэри, ахэр псори мы щIыпIэм щызэзышалIэ къущхьэ зэIухуэпхъ тафэ «уфафэри».

«Уэздыгъей закъуэм и гуэл» цIэ лейр зытеIукIа «Партизан хыжьейм» и Iэгъуэблагъэри удэзыхьэхт. Жыгыншэ щIыгур удз зэмыфэгъубэщ. ЩIыуэпсыр зыджхэм къызэрахутамкIэ, гъунэгъу дызыхуэхъуа Лагъуэ-Накъэ бгыщхьэ тафэм къэкIыгъэ зэмылIэужыгъуэу миным щIигъу ущрохьэлIэ. Абыхэм яхэтщ цIыхум и узыншагъэм дежкIэ сэбэп хъухэу, бжьэхэм фо къызыпаххэри, шхынхэлъхьэ-хущхъуэхэлъхьэ хуэдэхэри, нэгъуэщIхэри. Абы нэмыщI, мы бгыщхьэ хъупIэхэр Кавказ шытхышхуэм и лъэныкъуитIымкIи къыдаху Iэщым дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэщи, зэдгъэщхь хъуну къэтлъытар Къэбэрдей-Балъкъэрым и къущхьэхъу хъупIэхэрщ.

ГъэщIэгъуэнщ икIи къыхэгъэщыпхъэщ, Лагъуэ-Накъэ и Iэхэлъахэм къыщыкI удз лIэужьыгъуэхэм ящыщу 120-м, щIыпIэ жыжьэхэр дэнэ къэна, Кавказ псом и зы нэгъуэщI щIыпIи узэрыщримыхьэлIэр. Псалъэм папщIэ, Фыщт, Уэщтенэ Iуащхьэхэм я бгы зэхуаку-зэпылъыпIэм (гузэпыщIэм) уащыхуозэ дуней псом къыщумыгъуэтын удз лъэпкъыгъуэхэм.

Махуэр уэфIу ирихьэлIат. ИкIи, ди япэ зекIуэгъуэми хуэдэу, мы хуей дахащэм псори дызыIэпишат. Дыкъызэрихьэу, мы щIыпIэм ехъуэпса ди нэхъыжьыр псы хъурейм и адрей лъэныкъуэмкIэ еущэкIауэ къыщытт.

Абы хэту, дэнэкIэ къикIами къыдгурымыIуэща нэгъуэщI зыгъэпсэхуакIуэхэри зи псыIу дыщепсыха хыжьейм къекIуалIэу щIадзащ. Ахэр гуэлым хыхьэу щытлъагъум, дэ дыпхуэзэтеIыгъэжынт? Ди гупым хэтхэри дыздэщыт лъэныкъуэмкIэ псы къипщIыпщIыкIым дыхыхьащ...

Лъагъуэ гъэпщкIуар къызэрыдгъуэтыжар

Псы хъурейм укъыпекIуэкIмэ, мэз Iуфэ гъуэгум адэкIэ уешэ, умыщIэххэуи узыIэпешэ: узрикIуэ лъагъуэм утеплъэкъукIмэ, къуэладжэ уэххэми уахуешэ.

Ар наIуэ щыхъуар ижь лъэныкъуэмкIэ щыIэ мэз тIыпх Iувым къыхэгъуэщыкIыу хэкIуэсэжа зекIуапIэм дыблэкIа иужькIэщ. Гъуэгум зригъэзыхыжат, ипэкIэ дыкIуэтэху къэси алъандэрэ къыддекIуэкIа бгы лъагэхэми загъэпщкIужат. ЛъэныкъуэкIэ дыIуишу гу щылъыттэм, гупыр дыкъэувыIащ. ЩIыпIэм и картэ - схемэу къыздетхьэкIыр зэгуэтхрэ диплъэмэ - гъуэгум адэкIэ дызыдишэр Щхьэгуащэ хэхуэж къуэпсхэм ящыщ зыр щежэх мэзылъэ къуэладжэ кууужьырт! Ар, дауи, дызыхуэмей Iуэхут.

Дыкъыщежьэм зэрыдгъэбелджылауэ, гурылъу диIэм ипкъ иткIэ дызекIуэнумэ, къущхьэ зэIухуэпхъ сэнтхыу къуэладжэхэр зэзышэлIэжым дытещхьэрыкI хъунутэкъым. Абы къыхэкIыуи, къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэу тчын хуейр Лагъуэ-Накъэ бгыщхьэ тафэ абрагъуэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ декIуэкI адыгэ-аптIэхъуэ (убых) лъагъуэжьым техьэжынырт.

ГъэмахуэкIэр мы щIыпIэхэм щыдуней жэнэтщ. Ауэ ар тыншыгъуэ защIэу зэхэтщ жытIэмэ дыщыуэнущ. УзыщIэзышэ, уи псэми уи IэпкълъэпкъI псоми къыхыхьэ пIейтеиныгъэ гуэрым апхуэдизкIэ узэщIеубыдэри, Iэпхлъэпх уищIам, IэубыдлъэубыдуI укъигъэнам хуэдэщ. Бгыщхьэ щIыпIэхэм ущиткIэ, уигукIи уи IэпкълъэпкъкIи зыхыбощIэ къэхъугъэм и IэфIагъым, и гуащIагъым и инагъыр. А щытыкIэм узыIэпешэ, укъыIэщIэкIыжыну узэрыхуэмеищэри зыхыбощIэ. Ар гурыщIэм къыщежьэ къэIуэтэгъуей гуэрщ. ИкIи уи псэм щэхуу щыбгъафIэ, улъэIэсынкIэ куэд щIауэ узыпэплъэ хъуэпсапIэ гуэрым укъызэщIиIэтэнкIэ, къаруущIэхэр къыпхилъхьэжынкIэ гугъэ IэфIхэр уэзыгъэщIщ.

Мэзылъэ уэх дызыхуехым зыдедмыгъэхьэхыщэу, гупыр дызэщIэувыIыкIри дызэчэнджэщыжащ. ИкIи, къедгъэзэкIыжмэ нэхъыфIу къэтлъытащ. Апхуэдэуи тщIащ. Дэгъэзеигъуэ защIэу дыкъыдэущеижри, Партизан хуейм пекIуэкI мэз гъуэгум дытехьэжащ. Абы и бгъумкIэ къыщылъ мэз цIырхъым лъагъуэ гъэпщкIуа гуэр хэкIуасэрт, набдзэгубдзаплъэу жыгхэм уахэмыплъамэ гу лъумытэну.

Дзыхь дымыщIыщэу, абы щабэрыкIуэу дрикIуэн щIэддзащ икIи дыхущIегъуэжакъым: куэд дэмыкIыу дэ къэтлъэгъуащ а зекIуапIэм Хы мывэ сыдж къырылъэ шытхым дызэрыхуишэм. Дэри арат дызыхуейри, лъагъуэ къэдгъуэтыжам пкIатэлъатэу дытеувэжащ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ГушыIэхэр

Хъуэжэрэ къадымрэ

ХЪУЭЖЭРЭ зы беижь гуэррэ я щIы Iыхьэр зэбгъурылъти, Хъуэжэ и щIы тIэкIум щыщ беижь нэпсейм иубыдри гъавэ трищIащ. Абы щхьэкIэ Хъуэжэ куэдрэ къадым деж кIуащ хуэтхьэусыхэну, ауэ кIуэху къэсыху «сыщIэскъым» къыжриIэурэ къадым щIигъэхьэртэкъым.

Абы иужькIэ куэд дэкIа, мащIэ дэкIа, гъавэхэри кърахьэлIэжауэ, зы махуэ гуэрым Хъуэжэ къадым и куэбжэмкIэ къыблэкIыж пэтрэ, ар игу къэкIыжри дыхьащ.

- Къады, ущIэс! - жиIэри джащ.

- СыщIэскъым, Хъуэжэ, сыщIэскъым! - къыщIэкIиикIащ къадыр унэм.

- УщIэсам арат, ущыщIэмыскIэ къыпхуэсхьар схьыжынщ, - жиIэу Хъуэжэ къыщыIуигъэзыкIыжым, къадыр унэм къыщIэкIиикIащ:

- СыщIэсщ, Хъуэжэ, сыщIэсщ. Тхьэм щхьэкIэ умыпIащIэ, иджыпсту сынывщIокI! - жиIэри пIащIэтхьытхьыу унэм къыщIэжащ.

Хъуэжэ баш закъуэ фIэкIа имыIыгъыу бжэIупэм Iуту щилъагъум, къадыр къызэрыщIэкIам хущIегъуэжауэ еупщIащ:

- Сытыт узыхуейр, укъыщIэкIуар? - жиIэри.

- УкъыщIэкIыным сыпэплъэурэ сыкъыщIэкIуар сщыгъупщэжащ. Сигу къэкIыжым итIанэ сыкъэкIуэнщи, бжесIэжынщ, - жиIэри Хъуэжэ къыдэкIыжащ.

Мылъку куэд нэхърэ - ныбжьэгъу куэд

Зэкъуэшит I зэхэкIырти, я мылъкур яхузэрыгъэгуэшыртэкъым. Абы папщIэ зи лъэ вакъэ изылъхьэ къуажэм дэсыр къызэхуэсауэ зэхэтт. Махуибл-жэщиблкIэ къуажэр зэхэтащ зэкъуэшитIыр яхузэгурымыгъаIуэу.

- Сэращ мылъкур зэхуэзыхьэсари, си къуэш нэхъыщIэм зыри естынукъым, - жиIэрт нэхъыжь нэпсейм.

- Хъуэжэ зы Iэмал гуэр къытхимылъхьэмэ, дэ зыри тхузэфIэкIыжыркъыми, фыкIуи ар къевджэ! - жаIэри нэхъыжьхэм ар кърагъэшащ.

Хъуэжэ Iуэхум едаIуэщ-едаIуэри нэхъыжьым жриIащ:

- Уи мылъкур зы Iыхьэу, дэ къызэхуэса цIыху къомыр зы Iыхьэу згъэуващ. Хэдэ, шынэхъыж!

Нэхъыжь нэпсейр куэдрэ мыгупсысэу хэдэри мылъкур къыхихащ.

- Къуажэ махуэ хъун, къулейсызу къэна мы щIалэм щхьэж игу пыкI хузэхэдвгъадзэ! - жиIэри, Хъуэжэ и пыIэр щхьэрихри игъэтIылъащ, и жыпым ахъшэ тумэн къырихри пыIэм хурилъхьащ.

Къызэхуэса цIыхухэм нэхъыщIэм мылъку зэхэдзэ хуащIри, и къуэш нэхъыжьым щхьэпрагъэкIыжащ икIи псори къыкIэлъыкIуэу, къыкIэлъыжэу ныбжьэгъу хуэхъури, фIыуэ псэууэ ежьэжащ. Адрей къуэш нэпсейр цIыхухэм зэрабгынэу, и мылъку тIэкIури фIэкIуэдыжащ.

Зыхуэфащэм къыхуэнащ

Хъуэжэ щыпсэу къуажэм я старшынэр ефэрей гуэрт. Ефэрти, уэрамым дэлъу, пабжьэхэм хэлъу нэху къекIырт.

Зы пщэдджыжь гуэрым жьыуэ Хъуэжэ и жэмыр псафэ ихуауэ, старшынэр зимыщIэжу чэфу псыхъуэм дэлъу IущIащ. Старшынэм и щыгъынхэр зыщихыурэ хыфIидзауэ щылът. Хъуэжэ абы и цеифIыр зыщитIагъэщ, и дыжьын къамэр зыкIэрищIэри, зиIузищIу уэрамым къыдыхьащ.

Зы зэман старшынэм зыкъищIэжри, и цеймрэ и дыжьын къамэмрэ игъуэтыжакъым. ЗитхьэщIщ, фIыуэ зигъэщIыIэтыIэри, старшынэр и цеймрэ и къамэмрэ зэрыкIуэдам игъэгубжьауэ къулыкъущIапIэм кIуащ, къэптал пцIанэу. Старшынэм IуэхукIэ хуейуэ цIыху куэд пэплъэу зэхэтт. Абы хэту стражникыр къыщIыхьэри, старшынэм щэхуу хуэбзэгуфIащ:

- Уи цеймрэ уи къамэмрэ Хъуэжэ щыгъыу уэрамым дэтщ, - жиIэри.

- КIуэи мыдэ къашэ а хьэмэ къилъхуар, сэ абы хуэфI сыхъунщ! - жиIэри старшынэр губжьащ.

Стражникыр кIуэри Хъуэжэр старшынэм къыхуишащ.

- Аркъым, си цейр щыптIэгъауэ, си дыжьын къамэ-бгырыпхыр зыщIупхауэ уэрамым укъыдыхьэну дауэ плъэкIа уэ напэншэм! - жиIэу старшынэр къытекIиеу хуежьащ.

- Мыхэр ууейрэ умейрэ сщIэркъым, ауэ нышэдибэ псым жэмыр псафэ схуауэ, зы чэф гуэр зиуцIэпIыжауэ, и щыгъынхэр зыщихыурэ хыфIидзауэ дэлъу сыхуэзати, «цеймрэ дыжьын къамэ-бгырыпхымрэ нэгъуэщIым къиштэмэ кIуэдынщ, ауэ сэ къэсштэнщи зейр къыщIэупщIэмэ естыжынщ» жысIэри къэсштащи, ууейуэ щытмэ, абы дэлъа чэфри уэрауэ щытын хуейщ, - Хъуэжэ щыжиIэм, старшынэр укIытэри, плъыжь хъуащ. Хъуэжэ щыгъ цеймрэ дыжьын къамэ-бгырыпхымрэ старшынэм къызэпиплъыхьщ-нызэпиплъыхьри жиIащ:

- Хьэуэ, мыр си цейм ещхьщ, дыжьын къамэ-бгырыпхри сысейм хуэдэщ, ауэ аракъым.

- Хьэуэ, хьэуэ, зыгуэрым и мылъку зэсхьэлIэну Алыхьым жимыIэкIэ, сыхуейкъым, ууейуэ къыщIэкIынщ, сIыхыж, сIыхыж! - жиIэурэ Хъуэжэ фащэр зыкIэрихыжу щIидзащ, арщхьэкIэ «сысейкъым» жиIэри, старшынэм и цеймрэ и фащэмрэ Iихыжын идакъым.

Арати, цеймрэ къамэ-бгырыпхымрэ зыхуэфащэм къыхуэнащ.

Дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я дэIэпыкъуэгъуу

● Дызэкъуэту

Музыкэ театрым щIышылэм и 16-м щекIуэкIащ «СВОих не бросаем» концертыр, дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ щытар. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек я дэIэпыкъуэгъуу, ар къызэрагъэпэщащ Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм я комитетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэситI зэрырикъум и щIыхькIэ.

ПШЫХЬЫМ ирагъэблэгъащ комитетым хэтхэр, Iуэхущ1апIэм и лэжьэгъухэр, дзэ Iуэху хэхам щыIа щIалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ, республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ.

УФ-м и Президентым и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща комитетым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Ореховэ Каринэ зэхыхьэр къыщызэIуихым фIыщIэ яхуищIащ псэемыблэжу Хэкум, къэралым къыщхьэщыж, лIыхъужьыгъэ зезыхьэ щIалэхэм. Абы жиIащ дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм пщIэ зэрахуэфащэр икIи я унагъуэхэм ядэIэпыкъун и лъэныкъуэкIэ яхузэфIэкI къызэрамыгъэнэнур.

- Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэрщ къэралым и къарур! Фи щIыналъэм сыкъызэрыкIуар, къэралым исхэм я мамыр гъащIэм, щIэблэм я пщэдейм нобэ щIэбэнхэм пщIэ яхуэщIыным теухуа пшыхьым сызэрыхэтыр хуабжьу си гуапэщ! - жиIащ Ингуш Республикэм и Сунженскэ районым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Дзязиков Муса.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ цIэрыIуэхэу Хьэрэдурэ Динэ, Сокъур Ольгэ, ЦокIыл Азэмэт, ПащIэ Маринэ, ДыщэкI ФатIимэ, Газаев Алим, Габуевэ Зухра, Текуев Амур, Тепеев Алим, Цагъуэ Арсен, Сэралъп Марьянэ, Жыгун Эдуард, Холамханов Къайсын, Хьэтыхъу Вадим, Смолинэ Татьянэ, Кадыровэ Джанитэ, Шагъыр Астемыр, Тхьэкъуахъуэ Къантемыр, Занкишиев Марат, Насып Астемыр, Альборэ Марат, Теунэ Джэмал, ЗекIуэрей Ренат, «Гармония», «Вдохновение-Фантазия», «Терские казаки», «Джамрат» ансамблхэм.

Зэхыхьэм щагъэлъэпIащ комитетым хэтхэр, дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм я дэIэпыкъуэгъухэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Щыпсэуа зэманым япэ ища щIэныгъэлI

Бзэм и купщIэр цIыхухэм къагурыIуэным, ар щIэблэм яIурылъыным, зи анэдэлъхубзэкIэ псалъэ икIи гупсысэ цIыхухэм я къэухьыр зэрынэхъ иныр къагъэлъэгъуэным теухуауэ куэд яхузэфIэкIащ бзэщIэныгъэлI нэхъыжьхэм. Абыхэм ящыщщ къызэралъхурэ иджыблагъэ илъэс 95-рэ ирикъуа Джаурджий Хьэтыкъэ. Адыгэ бзэщIэныгъэлIхэм, ди тхакIуэхэм я лэжьыгъэхэр гугъэзагъэу зэпкърызых, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор БАКЪ Зерэ «Адыгэ псалъэ» газетым папщIэ игъэхьэзыращ щIэныгъэлIым лъэпкъым, бзэм хуилэжьахэм ятеухуа мы тхыгъэр.

ДЖАУРДЖИЙ Хьэтыкъэ Зэчрей и къуэр Тэрч куейм хыхьэ Арыкъ къуажэм къыщалъхуащ. Абы къуажэ школыр къыщиуха нэужь (1936 - 1947гъгъ.), Хьэтыкъэ щеджащ Налшык къалэм дэт Къэбэрдей къэрал педагогикэ институтым бзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм (ар 1947-1951 гъэхэм тохуэ). И IэщIагъэу дипломым хуратхат «Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ, 8 - 10 кл.» жиIэу. Къыщиуха гъэ дыдэми, щIалэм и зэфIэкIыр къалъытэри, ассистенту адыгэбзэ кафедрэм къагъэнат. Диплом зыIэщIэлъ егъэджакIуэхэр а зэманым мащIэт, зэпэубыдат. Джаурджийм 1952 - 1954 гъэхэм Арик игъэзэжри, курыт еджапIэм и унафэщIу, урысыбзэмкIи иригъаджэу лэжьащ.

ИужькIэ, Сокъур Мусэрбийрэ Джаурджий Хьэтыкъэрэ Къэбэрдей къэрал пединститутым и адыгэбзэ кафедрэм аспиранту къащтащ. ЩIалитIыр зэкъуажэгъу къудейуэ къэнэжтэкъым, атIэ зы илъэсым, зы мазэм къалъхуат, къуажэм щагъэзэжами, школым щызэдэлэжьащ, зэрыгъэпэжу, зэныбжьэгъуфIу, я кум пщIэ дэлъу. ЕгъэджакIуэ гъуэзэджэу лажьэ Сокъур Мусэрбий 1990 гъэм, и ныбжьыр 61-м иту, зэшэзэпIэу дунейм ехыжащ. Зихуэдэ щымыIэу щIэныгъэлI нэс къахэкIат зы адыгэ къуажэ къыдэкIа щIалэхэм - ди щэнхабзэм, бзэ щIэныгъэм, егъэджэныгъэм уасэ зимыIэ хэлъхьэныгъэфI хуащIащ - щIэныгъэм лIыхъужьыгъэ щызэрахьащ Езы тIум я зэхущытыкIар зы тхылъ ирикъунщ.

1954 - 1956 гъэхэм аспирантурэм щеджащ, иужькIэ Хьэтыкъэ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и методисту, и директору лэжьащ, 1972 - 1980 гъэхэм ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лабораторием и унафэщIу щытащ, 1980 - 1990 гъэхэм Налшык педучилищэм и директорт икIи и егъэджакIуэт, адыгэбзэмкIэ студентхэр, школакIуэхэр зэреджэн тхылъхэр игъэхьэзыращ, егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэкIэ къахуэщхьэпэн чэнджэщхэр къыдигъэкIащ, ахэр зэреджэн, зэрылэжьэн программэхэр зэхилъхьащ. ЖыпIэнурамэ, республикэм и методист нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщащ ар.

Джаурджий ХьэтIыкъэ апхуэдэу щIэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм илъэс 50-кIэ хэтащ. «Ленин гъуэгум», иужькIэ «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуа тхыгъэхэм щыщ гуэрхэм я цIэ къисIуэнумэ, мыхэр нэхъ къыхэзгъэщынт: *«Анэдэлъхубзэмрэ еджапIэхэмрэ», «Бзэр егъэщIэнымрэ грамматикэр егъэджынымрэ», «Пэжырытхэм хуегъэджэн», «Лъэпкъ школ. Дауэ абы зэрызиужьыр?», «Хабзэмрэ абы и зехьэкIэмрэ», «Адыгэбзэр зэрагъэдж тхылъхэр. Дигу зыхуэныкъуэхэр, ныкъусаныгъэхэр, чэнджэщхэр», «ГъэтIылъыпIэ зимыIэ Iуэхухэр», «Адыгэбзэмкiэ IV классым и тхылъымкIэ зэрегъэджэн хуейр», «Нагъыщэ гъэувыкIэм папщIэ. ЕгъэджакIуэм и дэIэпыкъуэгъу», «ТхэкIэ тэмэмымкIэ хабзэхэмрэ зи тхыкIэм гугъу дехъ псалъэхэмрэ», «Псалъэ зэпхар еплIанэ классым зэрыщаджыр», «Сэ вжесIэну сыхуейт», «Адыгэ алфавитым папщIэ иджыри зэ»*, нэгъуэщIхэри. 40-м щIегъу мыпхуэдэ тхыгъэхэр.

ЦIыхухэр зыгъэпIейтей упщIэ куэд и тхыгъэхэм къыщиIэтт, абыхэм жэуап хъарзынэхэр къритт. Феплъыт щIэныгъэлIыр зытегузэвыхь Iуэхугъуэхэм: *Дауэ адыгэбзэм и пщIэр къаIэтыжа зэрыхъунур? Сыт адыгэхэм я нэхъыбэм я анэдэлъхубзэр щIамыщIэжыр? Хэт ар абыхэм япэзыубыдыр? Дауэ зэрекIуэкIар икIи хэт и жэрдэм адыгэ (адыгэбзэкIэ щрагъаджэ) школхэр зэхуэщIыжынур?*

Адыгэ алфавитыр зытетын хуей графикэм теухуауэ Джаурджийм мыпхуэдэ Iуэху еплъыкIэ иIащ: *«Графикэ щыIэхэм щыщу дэтхэнэ зы бзэми лъабжьэу къищтэн хуейр езым щызекIуэ макъ-фонемэхэр нэхъ щызу, нэхъ Iэрыхуэу къызэрыпхуэгъэлъэгъуэнурщ. Аращ псом япэ итын хуейри. Абы нэмыщIкIэ латин графикэм щIыхуэкIуэн хуейм и щхьэусыгъуэу хамэ къэрал щыIэ адыгэхэм хьэрыпыбзэ, инджылызыбзэ зэращIэр Iуэхум къыхэлъытэн хуейуэ къэзыгъэувхэм щхьэ зыщагъэгъупщэрэ дэ, мы къэралым щыпсэу адыгэхэм, урысыбзэр зэрытщIэр, зэрыдджыр, абыкIэ урысхэм я мызакъуэу нэгъуэщI лъэпкъхэм дазэрепсалъэр? А пщалъэмкIэ убгъэдыхьэмэ, иджы дызытет алфавитым нэхърэ ди бзэм нэхъ хуэкIуэ щыIэкъым. Алфавитым иджыпстукIэ иIэ щытыкIэм арэзы сыт и лъэныкъуэкIи дыкъищIу аракъым, атIэ урыс графикэр лъабжьэу къэгъэнэжауэ, нэгъуэщI къэмыщтауэ, дигу зыхуэмызэгъахэр зэгъэзэхуэжынырщ, егъэфIэкIуэнырщ».*

Мыр къызыхэсхар тхыгъэшхуэщ, удэзыхьэхщ. Зэман дихуат алфавитыр Iэмал имыIэу яхъуэжыну, латиным дытехьэну, псоми я лейуэ мыр къэзыIэтыр тыркум щыпсэухэрт. МазитIым зэ бзэ конференц ящIырти, латиным дытехьэмэ, зэрыадыгэу зы дыхъужыну шэсыпIэ иувэхэрт. Си гугъэкъым мы Iуэхур иджыри къэувыIэпауэ, ауэ а зэманым икъукIэ сэбэп къытхуэхъуат щIэныгъэлIым и тхыгъэ купщIафIэхэр - абыхэм дазэрыпэщIэтыр щIэныгъэ тхыгъэхэрат.

Тхылъ, тхыгъэ къигъэнахэм ухэплъэмэ, нэрылъагъущ Джаурджий Хьэтыкъэ зыхэпсэукI зэманым ипэ илъэс куэдкIэ ищауэ зэрыщытар. Лэжьыгъи 100-м щIигъу (ахэри сытым хуэдэ лэжьыгъэ!) и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэлIым егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ папщIи, абыхэм дэтхэнэ зыми и чэзу дыдэщ ноби, я мыхьэнэри инщ, тхылъхэр псори къагъэсэбэп. Абыхэм ящыщ гуэрхэр къэдгъэлъагъуэ хъунущ мыбдей: «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и наречиер», «Нагъыщэ гъэувыкIэм зэрыхурагъаджэ методикэр», «АдыгэбзэмкIэ зэрырагъаджэ тхылъыр», «АдыгэбзэмкIэ зэрырагъаджэ тхылъ, курыт еджапIэм папщIэ», «Адыгэбзэ орфографием зэрыхурагъаджэ методикэр», «Адыгэбзэр еплIанэ классым», «ЕплIанэ классым папщIэ адыгэбзэмкIэ методическэ чэнджэщхэр», «Етхуанэ классым папщIэ адыгэбзэмкIэ дидактическэ чэнджэщхэр», «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ папщIэ программэ (5 - 11 кл.)», «Класс нэхъыжьхэм адыгэбзэр зэрыщегъэджыпхъэр», «5 - 11 классхэм папщIэ адыгэбзэмкIэ справочник», «ЕджакIуэхэм папщIэ урыс-адыгэбзэ псалъалъэ»,

«Адыгэбзэ», тхылъитI хъууэ, нэгъуэщI куэди. КъищынэмыщIауэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъалъэ (1999 гъгъ.) зэхэзылъхьахэм яхэтащ. Къэзгъэлъэгъуа тхылъхэм яхэтщ пщIэ къыдагъэкIыжа, и нэхъыбэр куэдрэ иджыри дунейм къытехьащ. Абы мы тхылъхэм я фIагъымрэ я мыхьэнэмрэ къегъэлъагъуэ. «Нур» журналми сабийхэм папщIэ тхыгъэ кIэщI цIыкIухэр къытридзэрт.

Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм щхьэкIэ къэралым Джаурджий Хьэтыкъэ дамыгъэ лъапIэхэр къыхуигъэфэщащ: «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ», «Ушинский К. Д.» и цIэкIэ щыIэ медалхэр, нэгъуэщIхэри. СССР-м, РСФСР-м «ЦIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ «отличник» щIыхьыцIэр кърат.

2001 гъэм мартым и 23-м, и ныбжьыр илъэс 72-м иту, Джаурджий Хьэтыкъэ дунейм ехыжащ. Ар зыцIыхуу, зи лэжьэгъуу щытахэм нобэми ящыгъупщэркъым щIэныгъэлI зэчиифIэу, унафэщI Iэзэу, къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу зэрыщытар.

Зыгъэхьэзырар

ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Дыфыгъуэн е дыхъуэпсэн?

Гу лъумытапIэ иIэкъым иужьрей илъэсхэм Урысейм къыщыдаха проектыщIэхэмрэ программэщIэхэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэм. Ди республикэр къапщтэмэ, гъуэгухэми, къалэ пщIантIэхэми, школхэми, сабий IыгъыпIэхэми, къинэмыщI цIыхубэ зэхэзекIуапIэхэми фIыкIэ захъуэжащ. Теплъэмрэ къабзагъымрэ зыхуей хуэза нэужь, гумрэ псэмрэ я Iыхьэри къалъыхъуэ.

МЫ махуэхэм телеграмым щызэбгрыкIащ Мейкъуапэ и къалэтет Митрофанов Геннадий къалэр зыхэт проектхэм япкъ иткIэ яхузэфIэкIар къыщипщытэжа тхыгъэр. Ар мейкъуапэдэсхэм я адыгэбзэр езыгъэфIакIуэ гуэру къызэрыщIэкIар тфIэгъэщIэгъуэн хъуащ.

«Ди къэралым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэр абы щэнхабзэрэ бзэуэ, хабзэрэ псэукIэ хьэлу куэд зэрыщызэблэкIырщ, щэтх Митрофановым и телеграм-каналым. - Мейкъуапэ адрей къалэхэм къахэзыгъэщ теплъэ хуэхъуну къэтлъытащ, ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэ напэкIуэцIхэр хъумэныр нэхъапэу дгъэувмэ. Ди лэжьыгъэм и зы Iыхьэщ «Бзэр цIыху лъэпкъым и псэщ» проектыр. АдыгэбзэкIи урысыбзэкIи псалъэжьхэр тетхауэ, Мейкъуапэ пкъохэр дэдгъэуващ. Зэман дэкIмэ, абыхэм макъкIэ къеджэу тщIыну ди мурадщ. ЖыIэгъуэ шэрыуэрэ псалъэжьу зэхэтщ пкъо 12-м кIэрагъэубыдахэр, абыхэм къызэщIаубыдэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я псэукIэ хабзэхэр. Зи гугъу тщIы Iуэхум текIуэда мылъкур къэралым, республикэм, щIыпIэ бюджетхэм ягъэува грантхэм я IэмалкIэ тхузэфIэкIащ».

Хэт имылъагъунрэт Налшык и уэрамхэм адыгэбзэкIэ е балъкъэрыбзэкIэ псалъэжьхэр зытетха пкъохэр дэту, ахэр урысыбзэкIэ зэдзэкIыжауэ. «Хъуапсэ и псэ кIуэдкъым», - жиIащ адыгэм, ауэ псалъэжьым и етIуанэ Iыхьэри зыщыдвмыгъэгъупщэ: «Фыгъуэр мыгъуэ мэхъу».

ГушыIэр къэгъэнауэ, ди гуапэ мыхъуу къанэркъым Налшык зыгъэпсэхуакIуэ е зыплъыхьакIуэ къакIуэхэм къалэр ягу зэрырихьыр. Иджыблагъэщ Дагъыстэным щыщ блогер Алискеров Мурат «Паркым хэт къалэ» зыфIэпщ хъуну и интервью гукъинэжыр Татрокъуэ Башир щритар, Налшык щхъуантIагъэм зэрыщIигъэнамрэ къалэр зэрыкъабзэмрэ къыщыхигъэщу. Ауэ теплъэу къыдэлъ къыщымыну, къалэм купщIэ куу иIэнымкIэ Мейкъуапэ удэплъей хъунущ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Унагъуэ дахэм и нэхъыжьыфI

Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей) къуажэм щыщ Унэж Володя къыщалъхуа махуэмкIэ и унагъуэр йохъуэхъу.

«ДИ Адэ лъапIэ, ди Дадэ гумащIэ, къэрэгъул набдзэгубдзаплъэу ди унагъуэм къыщхьэщыт ди нэхъыжьыфI! Щапхъэу укъэтлъытэу, дунейм дызэрытетрэ уэркIэ догушхуэ. Уи гъащIэ хабзэм дытету, уэ дызыхуэбунэтIахэр ди гъуазэу, уи ехъулIэныгъэхэм дрипагэу, дыбдэплъейуэ дыпсэуныр ди дежкIэ насыпышхуэщ. Тхьэм узыншэу, гукъыдэж уиIэу, уи IуэхущIафэм къыдэкIуэ хъерымрэ уи ужь къиува бынымрэ абыхэм я быныжхэмрэ уигу хагъахъуэу илъэс куэдкIэ ди япэ уригъэт!»

Унагъуэм къыбгъэдэкIыу.

Иджырей нэрыбгей

● ДифI догъэлъапIэ

Адыгэ лъэпкъым цIыху гъуэзэджэ куэд къыхэкIащ. СурэтыщI, дохутыр, щIэныгъэлI, спортсмен жыпIэмэ, сыт хуэдэ унэтIыныгъэмкIи дуней псом зи цIэр фIыкIэ щраIуэ бын пажэхэр диIэщ, ди гуапэ зэрыхъункIэ. Абыхэм ящыщщ и хьэл-щэнрэ зэфIэкIхэмкIэ «иджырей нэрыбгейуэ» къыпщыхъу, Бахъсэн къалэм щыщ, ЦСКА-мрэ Урысейм и гуп щхьэхуэмрэ я регбист Алий Iэсият.

СПОРТЫМ зи псэм щыщ пщащэ цIыкIум и ехъулIэныгъэмрэ абы къызэрыхуэкIуамрэ умыгъэщIагъуэу плъэкIыркъым. Курыт еджапIэм щыщIэсым футбол джэгум дихьэхащ, иужькIэ тхэквондом зритащ, каратэ киокушинскаймкIэ спортым и мастер хъуащ, ауэ и гъащIэм зыкъыщридзэкIар регбим гу лъита нэужьщ.

- Курыт еджапIэр къэзуха, балигъыпIэ сиува нэужь нэгъуэщI къалэхэм, щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI зэпеуэхэм хуиту саутIыпщ хъуащ. Футболым сыкъыпыкIыу, тхэквондом зестами, ехъулIэныгъэ гуэри къыпэкIуэртэкъым. Си гум дыхьащэу къыщIэкIынтэкъым... Каратэм нэхъ щытезгъащIэм, япэ увыпIэ куэд къэсхьащ, спортымкIэ мастер сыхъуащ. Апхуэдэу, зэгуэр Дагъыстэным зэпеуэ дыщыIэу си тхьэкIумэм къицырхъат регбим и хъыбар. Абы нэкIуат регбимкIэ гъэсакIуэ гупи, къыскIэлъыплъауэ къыщIэкIащ. Зэпеуэ нэужьым къызэпсэлъащ, я гупым срагъэблагъэу. ТхьэмахуэкIэ сахэтащ а джэгукIэм и хабзэхэм щыгъуазэ сыщащIу, сыхэзэгъэнрэ сыхэмыгъэзэгъэнрэ ягъэунэхуу. Гъэунэхугъуэ тхьэмахуэр зэрызэфIэкIыу, регбиджэгу гупым сыхагъэхьащ, ауэ зэман кIэщIкIэ псори къэзгъанэри, унэм сыкъэкIуэжащ, арыххэуи кикбоксингымрэ IэпщэрыбанэмрэзестащАбыхэмкIи ехъулIэныгъэфIхэр зэзгъэгъуэтауэ, Москва сыIэпхъуащ. Мис абдеж регбим щыпысщэжащ, икIи зэдэсхьащ, «ЦОП Москомспорт»-м зэгурыIуэныгъэ дэсщIылIэху. ИлъэситIкIэ ЦОП-м сыхуэлэжьауэ, ЦСКА-м хагъэхьащ ар. Хъыджэбз зыбжанэ тхэкIыжауэ щытащ абы щыгъуэ, ауэ сэ сакъыхэнащ гупым.Сыт ехъулIэныгъэм и щэху нэхъыщхьэр жыпIэмэ, сэ иджыпсту сызыхэт спорт лIэужьыгъуэм и щэхур - гупыр зэрыIыныгъырщ. Щхьэж езым и щхьэ хуэджэгужыркъым. Узэкъуэмытмэ, уи гупым щхьэкIэ «умызауэмэ» зыри къохъулIэнукъым. Ди гъэсакIуэхэр гупым диIэху ухэнэнкIэ Iэмал зимыIэщ, апхуэдизкIэ лъэщщи ахэр!»

- 2017 - 2019 гъэхэм къриубыдэу пшахъуэм щоджэгу регбимкIэ тIэунейрэ Европэм и чемпион, 2019 гъэм щIымахуэ регбимкIэ Европэм и чемпион ухъуауэ сощIэ, ауэ 2021 гъэ лъандэрэ зэбгъэгъуэта ехъулIэныгъэхэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Япэрауэ, къыхэгъэщыпхъэщ регбимкIэ ЦСКА гупыр 2019 гъэм къызэрызэрагъэпэщар. Абы лъандэри абы сыщоджэгу. А зэманым къриубыдэу плIэнейрэ урысейпсо зэпеуэ екIуэкIати, плIыри къэтхьэхуащ. Европэм щекIуэкIа зэпеуэхэм тхуэнейрэ япэ увыпIэр къыщытхьащ. Европэ чемпионхэм я кубокыр щагъэджэгум гуп 12 хэтат. А псоми яхэдэжу, джэгуакIуэ нэхъыфI дыдэр къыхагъэщхьэхукI хабзэти, а цIэ лъапIэр сэ къысхуагъэфэщащ. БлэзгъэкIар зы закъуэщ - си лъакъуэм фэбжь игъуэтри, операцэ сащIауэ щытати, сызэтеувэжыху сыджэгуакъым.

ГъэщIэгъуэнракъэ, илъэс бжыгъэ ихьын хуеящ си пIэ сиувэжыным. Ауэ мазэ зытхухым сызэтеувэжри, джэгум пысщэжат, гупым хэт хъыджэбзхэми ди гъэсакIуэхэми ягъэщIагъуэу. АпхуэдизкIэ си псэм щыщщ мы джэгури, сысымэджэну зэманым сыщосхь.

Ди хъыджэбзыр пэрыту зыхэт гупым и гъэсакIуэ Алексеенкэ Александр щыхьэт тохъуэ Iэсият спортымкIэ зэрыпсэур, къызэрымыкIуэу зэрыгуащIафIэм, икIи жеIэ ЦСКА-р абы ехъулIэныгъэфIхэмкIэ дяпэкIи зэрыщыгугъыр.

- Iэсият зэрысцIыхурэ илъэсиплI мэхъури, а зэманым къриубыдэу дапщэрэ дыджэгуами, сыт хуэдэ зэпеуэ хэтами, фIы и фIыжу зыкъигъэлъэгъуащ, регбимкIэ Урысейм и гуп щхьэхуэм щоджэгу, ипэжыпIэкIи пэрыту щытын хьэлыр къыдалъхуауэ жыджэрщи, гу лъумытэнкIэ, къыхыумыгъэщхьэхукIынкIэ Iэмал имыIэу апхуэдэщ. ГъэщIэгъуэнракъэ, здынэсамрэ зыIэригъэхьамкIэ и гур мызагъэу, нэхъыфIыж зэрыхъуным пылъщ пщащэр. Быдэу си фIэщ мэхъу Алий Iэсият и фIыщIэкIэ урысей регбир ипэкIэ зэрыкIуэтэнур, иджыри илъэс куэдкIэ а спорт лIэужьыгъуэм зэрыхэтынур. Ущытхъу пэтми мащIэщ, - жеIэ Алексеенкэм.

«Регби спорт лIэужьыгъуэм ириджэгу, абы кIэлъыплъ ди хэкуэгъухэр зэрымащIэм къыхэкIыу, Iэсият щалъхуа щIыналъэм хэIущIыIу щыхъуакъым. Арами, УрысеймкIэ фIыуэ къыщацIыху, пщIэшхуэ къыхуащI, щагъэлъапIэ, куэдкIи къыщогугъ ди пщащэм. Ар щеджа курыт еджапIэм щылажьэхэмрэ и Iыхьлыхэмрэ ди напщIэ телъщ Iэсият и ехъулIэныгъэхэр. Хуэфащэщ абы и сурэтыр тедзауэ, хэгъэреймихьэщIэмияльагъуу Бахъсэн дэлъэдапIэм фIэлъыну, и цIэр псоми ящIэну. Лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыпагъэ цIыхущ Iэсият», - жеIэ Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №2-м и унафэщI Нэгъуей Ахьмэд.

ФЫРЭ Анфисэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (унафэщIредактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр №93
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, *корректорхэу* Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.),* Елмэс ФатIимэ *(1, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Ныр Саидэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Николькэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.